Æппæт бæстæты пролетартæ, баиу ут!

РÆСТДЗИНАД

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы æмæ Министрты Советы оргæн
Орган Северо-Осетинского обкома КПСС, Верховного Совета и Совета Министров Северо-Осетинской АССР

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы

1990
АПРЕЛЬ—ХУЫМГÆНÆНЫ МÆЙ
11
ÆРТЫЦЦÆГ
№ 70 (17752)

Аргъ 3 кап.

Фæсивæдæн алы ран дæр фæндаг

Зарæджы уыцы рæнхъæн æцæг мидисæй байдзаггæнæн ис? Кæд уыцы фæндаг БАМ-мæ æмæ æндæр хъазуатон фæскомцæдисон арæзтадтæм нæ кæны, адæмон хæдзарады хуынчъытæ æмпъзынмæ, уæд?

Рагæй цæуы ныхас, паддзахадон фæсивæдон политикæ хъæуы æви нæ, уыил. Стæй ма нывыл æй кæнæг закъон дæр. Æппынфæстаг йæ алыг кæныны рæстæг æрцыд. 9 апрелы ССР Цæдисы Сæйраг Советы палатæты нумæйаг æмбырды фыццаг касты фæстæ ныхас цыдис «ССР Цæдисы паддзахадон фæсивæдон политикæйы нумæйаг уагæвæрдты тыххæй» Закъоны проектмæ.

Уый тыххæй ныхас кæнгæйæ, ССР Цæдисы адæмон депутат, ФÆЛКЦ-йы ЦК-йы фыццаг секретарь В. И. Мироненко бацамыдта, фæсивæды уавæр кæй у вазыгджын. Уыил ныхас цæуы бирæ, фæлæ хъуыддаг та ис чысыл. Рацарæзты азты æхсæнады фæсивæды уавæр нæ фæхуыздæр, сæхи равдисыны фадæттыл ницы бафтыд.

Фылдæр кæнынц фыдракæндтæ, наркомани, расыгтæнджытæ. Бындурон рацарæзтытæ семæ хæссынц ног фæзындтытæ — æгуыстдзинад, тыхджындæр — национализтон зæрдæйыуаг. Фæсивæдмæ нс егъау тыхтæ, æмæ дзы пайда кæнынц куыд тæккæ рахизон, афтæ тæккæ галиуон тыхтæ дæр, аууоны экономикæйы аныгъуылдзытæ, национализттæ.

Хъæуы фæсивæдмæ æхсæнады цæстæнгас анвын æппæт фарстаты дæр, æрыгон фæлтæры царды уавæртæ фендæрхуызон кæныны параХат æмæ хорз ахъуыдыгонд мадзæлттæ саразын. Фæсивæдон политикæ у фæсивæды фæдыл нвгъуыд рæстæджы рæдыдтытæ æмæ хъуагдзинæдты аргъ фидæгау. Фидæнмæ йе скаст кæмæн у, уыцы æхсæнад хъуамæ йæ зæрдæ фæсивæдыл дара.

Æмæ æцæгæйдæр рохгæнгæ нæу бæстæйы национ æфтиаджы æртыццаг хай æрыгæтты къухтæй арæзт цæуы, уый. Уый зæрдыл æрлæууын кодта фæллойы, æргътты æмæ социалон политикæйы фарстаты фæдыл къамисы сæрдар Н. Н. Гриценко, проекты фарс радзургæйæ. Мах фæсивæдæн æхсуысæн æмбæлгæ капиталон бавæрдтытæ куы бакæнæм, загъта уый, уæд рамбулдзысты канд уыдон нæ, фæлæ, ма не 'ппæт дæр.

Америкæгты нымадмæ гæсгæ фæсивæды пайдайæн капиталон бавæрдтытæ абон сты тæккæ пайдадæр. Иу долларæ ам фæстагмæ æрхæссы фондз. Махмæ та? Махмæ фæсивæд фылдæр цæрынц бинонты хардзæй (кæмæн нс, уыдонæн сæ амонд) æмæ карджын адæмæн социалон æххуыс æппынфæстаг ницы давы — фыды æмæ мады мадæлтæ, фыдæлтæ, мадæлтæ се'хца уæддæр бахардз кæнынц сæ цотæн уæлæ æмæ къахыдарæсыл.

Мидбынаты цоппайы азты удæгас ног хъуыды æмæ ныфсджын архайд нæ уыд, байсыстысты ну, æрдомæг сæ хъус сæм æрдарæг кæй нæ уыд. уымæ гæсгæ. Ныртæккæ уыцы миниуджытæ тыиг хъæуынц ногæй йæ къахыл слæууыныл архайæг æхсæнады.

Æргомдзинады, барты æмæ граждæнты писмоты фарста-

Х Х Х

ПРЕЗИДЕНТОН СОВЕТЫ ÆМБЫРД

ССР Цæдисы Президент М. С. Горбачев дзы сæрдариуæг кодта, афтæмæй 9 апрелы уыдис Президенты Советы æмбырд, каст дзы цыдис Литвайы ССР-йы æмæ уыцы республикæйы алфамблай уавæрмæ. Амынд æрцыд, ССР Цæдисы Президенты писмойæн республикæйы Сæйраг Совет кæй радта, хъуыддаг банывыл кæнынмæ арæзт чи нæу æмæ фарста алыг кæнынмæ æцæг фæндæгтæ чи нæ гом кæны, хъуыддаг къуырцдзæвнмæ чи тæры, ахæм дзуапп. Конституцийы ныхмæ арæзт архайдæй, барады фæткы ныхмæ митæ фылдæрæй-фылдæр кæнгæйæ, Литвайы ныры разамынд æхгæны кризисæй рацæуыны гæнæнтæ, карздæр кæны уавæр республикæйы, уый тыххæй йыл æвæрд цæуы æххæст бæрнондзинад.

ССР Цæдисы адæмон депутатты æртыккæгæм Съезды мандатмæ гæсгæ архайгæйæ, Президентон Советы уæнгтæ æрцыдысты ахæм хатдзæгмæ, æмæ саразын хъæуы ССР Цæдисы Конституци, республикæйы зæххыл, æнæхъæнæй бæстæйы цæрæг граждæнты интерестæ бахъахъхъæнынмæ арæзт дарддæры экономикон, политикон æмæ æндæр мидисы мадзæлттæ.

(СЦТА).

УÆРÆСЕЙЫ ЧЫРЫСТОН-ДЕМОКРАТОН ЗМÆЛД

МÆСКУЫ, 9 апрель (СЦТА-йы уацхæссæг В. Зенькевич). Ноджыдæр ма иу æхсæнадон организаци бафтыд Уæрæсейы Федерацийы политикон атласыл. Абон завод «Сырх Пресня»-йы Культурæйы хæдзары уыдис Уæрæсейы чырыстон-демократон змæлды сæрмæвæрæн съезд. Иæ архайджытæ сфидар кодтой уыцы политикон партийы устав, программæ æмæ декларацин.

Ног партийы зæрды нс хицаудзинадыл тох кæнын. Иæ раздзæуджытæй ну, УСФСР-йы адæмон депутат сауджын В. Полосин куыд загъта, афтæмæй уал ног уæрæсеаг парламенты арæзт æрцыд чырыстон-демократон фракци. Партийы фылдæр хай сты интеллигенци, пенсиисджытæ, динамонджытæ. Ис дзы 16-аздзыд фæсивæд дæр, УЧДЗ-ы уставмæ гæсгæ уыдонæн сæ бон у уыцы организацийы уæвын.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы СÆЙРАГ СОВЕТЫ ПРЕЗИДИУМЫ

Уыд паддзахадон-барадон фарстаты къамисы æмбырд. Сæрдариуæг кодта Мецъаты И. З. Æмбырд æркаст дыууæ ахсджиаг фарстамæ — республикæйы барадхъахъхъæнæг оргæнты закъонад æмæ барад ныффидар кæнынæн цы аттестацион куыст ацыд, уымæ, стæй барадхъахъхъæнæн оргæнты куысты æргом ныхас рапарахатдæр кæнынмæ.

Фыццаг фарстайæ къамисы раз дзуапп радтой мидхъуыддæгты министры хæдивæг Болиаты З., республикæйы прокуроры хæдивæг Козаты В., республикæйы Сæйраг тæрхондоны уæнг Гетъоты Хъ.

Болиаты Зелимы раныхасæй скъуыддзаг: Цæгат Ирыстоны АССР-йы мидхъуыддæгты министрад сног кодта аттестацион къамисы ног уæнгты. Ахæм къамистæ арæзт æрцыд районты дæр. Мидхъуыддæгты министрады сæйраг аттестацион къамисæн уыд 37 æмбырды, архайдтой сæ партийы æмæ фæскомцæдисы райкомты секретартæ. райæххæсткомты сæрдартæ, хæдивджытæ.

1987 азæй нырмæ æдæппæт аттестаци хъуамæ ацыдаид 2025 адæймаджы. Ацы азы фыццаг февралмæ аттестацигонд æрцыд 1954 адæймаджы. Сæ хæстæ æххæст кæнын кæй бон нæу, ахæмтыл нымад æрцыд 50 адæймаджы бæрц. Уыдонæй — 48 разамонæджы. Ист æрцыдысты сæ куыстæй. Уыдонимæ — Советон районы мидхъуыддæгты хайады оперативон кусæг Бурсайлов, Дзинысы районы следственнæ Хетæджы - фырт дзытæ Акъойы-фырт. Мæздæгæй — участочы инспектор Бигъайы-фырт, Кировы районæй — БХСС-ы кусæг Джиойы-фырт æмæ æндæртæ. Сæ бынаты аккаг ма чи нæ уыд, уыдон, æдæппæт 30 адæймаджы, ивд æрцыдысты æндæр куыстмæ, бирæтæн амынд æрцыд сæ дæсныйад фæхуыздæр кæнын.

Аттестацийы рæстæг 228 милицæйы участокты инспекторты дæсныдзинад бæрæггæнгæйæ. Хицæн разамондджытæ нæ, фæлæ Рахизфарсы, Горæтгæрон районты хайæдты, стæй центрон аттестацион къамистæ хатт уæлæнгай цæстæнгасæй акæсынц кусджыты миниуджытæм, сæ арæхстдзинадмæ. Раттынц сын хорз æвдисæндар. Уымæ гæсгæ афтæ дæр рауайы, милицæйы кусæджы хорзыл банымадтой, уый та чысыл фæстæдæр закъонад фехалы.

Абон дарддæр аттестацигонд цæуынц оперативон службæты, районты оргæнты, сæ дæлхайæдты разамонджытæ. Фылдæр хъусдард ис, куысты хъуагдзинæдтæ ануварс кæнынæн æмгъуыд чи райста, уыдонмæ.

Козаты Валерий куыд радзырдта, афтæмæй прокуратурæйы аттестаци ацыд пъланмæ гæсгæ. Фарон прокуратурæйы аттестацион къамисæн уыд 12 æмбырды. Уыдоны аттестацигонд æрцыдысты прокуратурæйы, æмæ слесты 76 кусæджы, 40 кусæджы — сæ мыздсын кæй фылдæр кодтой. уый тыххæй, æхсæз адæймаджы та — уæлдæр бынатмæ аргъæвыны тыххæй.

Республикæйы прокуроры æххуысгæнæг Г. Ткачевайæн къамисы уæнгтæ бафæдзæхстой йæ куыст фæхуыздæр кæнын, радтой йын æхсæз мæйы æмгъуыд. Фæлæ уый йæ гæнæнтæ абарста æмæ рацыдрта, цæмæй йæ къамис æндæр бынатмæ анва. Фæлæ аттестацийы куысты нс хъуагдзинæдтæ не скодрæтæ арф хатдзæгтæ не скодтой, сæ бæрны чи нс, уыдоны куыстæн, стæй куыдзыны сæ миниуджытæн дæр.

Слестгæнджытыл æмгъуыдæй раздæр аттестаци скæнынмæ тыххæй республикæйы прокуратурæйы коллегийы æмæ райдиан партион оргайы гапизацийы бюройы нумæйаг уынаффæ (22.03.89 азы) нæ сæххæст кодта слестгæнæн управленн. Афтæмæй, уголовон хъуыддæгтæ бæрæггæнæн хъуыддæгтæ слестгæнджытæ не скодрæтæ арф хатдзæгтæ не ск

фæзындтытæ — æгуыстдзинад тыхджындæр — национализмæн зæрдæйыуаг. Фæснаевдмæ нс егъау тыхтæ, æмæ дзы пайда кæнынц куыд тæккæ рахизæн, афтæ тæккæ галиуон тыхтæ дæр, аууоны экономикæйы аныгъуылдзытæ, национализмтæ.

Хъæуы фæснаевдмæ æхсæнады цæстæнгас анвын æппæт фарстаты дæр, ærыгон фæлтæры царды уавæрмæ фендæрхуызон кæныны паракат æмæ хорз ахъуыдытæ кæнын.

Мидбынаты цоппайы азты удæгас ног хъуыды æмæ ныфсджын архайд нæ уыд, байсыстысты ну, æрдомæг сæ хъус сæм æрдарæг кæй нæ уыд. уымæ гæсгæ. Ныртæккæ уыцы минæвæрттæ тынг хъæуынц ногæй йæ къахил слæууыныл архайæг æхсæнады.

Æргомдзинады, барты æмæ граждæны инсмоты фарста-

уæздæг бахарда кæнынц сæ цотæн уæлæ æмæ къахыдарæсыл.

Дыууæ закъоны проекты кæд алыхуызон сты, уæздæг сæ нысан у ну: адæймагæн хъæппæрисы бар, хи равдисыны фадат раттын.

Л. ЕРМАКОВА,
С. ЖАРКОВ,
В. ЗЕНЬКЕВИЧ,
В. ОЛЕЙНИЧЕНКО,
СЦТА-йы парламентон уацхæссджытæ.

х х х

«Сылгоймæгты уавæр фæхуыздæр кæныны, мады æмæ сывæллæтты хъахъхъæныны, бионтæ фидар кæныны æнаргъæвтæ мадзæлттытыххæй», фарстайыл 10 апрелы преныты радзурыны тыххæй сæхи ныффыстой 16 сылгоймаджы æмæ... 21 нæлгоймаджы.

Уыцы мадзæлттæн дарддæр æргъæвæн нал ис. Финансон-экономикон æгъдауæй сын бындур бавæрыны нысхас ракодта ССР Цæдисы Министрты Советы Сæрдары фыццаг хæдивæг Л. А. Воронин. Уый бацамыдта, мады æмæ сывæллоны æппæт фарстатæ кæй нæ алыг кæндзысты. Æмæ кæд хицауад æнæхъæнæй проекты фарс у, уæддæр къаэнайы фаг нæй царды йæ рауадзыны фаг фæрæзтæ. Фæлæ цы 3,2 миллиард сомы хъæуы, уыдонæй Министрты Совет иннæ организацитимæ нумæ ссардта 2,6—2,8 миллиарды. Уый хъуыдымæ гæсгæ, æрмæст 1992—1993 азты, куыстуæтты социалон рæзты фондтæй спайда кæнгæйæ, ссарæн уыдзæн, уынаффæйы ныууадзгæ кæй æрцæудзæн, уыцы ныры дыууæ пункты, сæххæст кæныннæн хъæугæ æхца.

Адæмы æвзæрст лæгтæ æнæуый дæр сæ зæрдæ нæ дардтой æрмæст уæлæмхасæн фæрæзты фæрцы æппæт фарстатæ дæр алыг кæныныл. Фиппаинæгтæ æмæ фæндæттæ хаст цыдис бирæ. Фæлæ сæ æвæстиатæй алыггæнæн кæй нæй, уымæ гæсгæ бафидыдтой, хыгъд кæй æрцæудзысты комплексон паддзахадон пълан аразгæйæ. Ныры уынаффæйы та ныхас цæуы тæккæ карздæр, тæккæ æнаргъæвгæдæр мадзæлттыл. Схъæлæс ыл кодтой 407 депутаты, ну уыдис йæ ныхмæ, дыууæйæ та нуыл дæр не схъæлæс кодтой.

ЗÆРДЫЛДАРÆН БОН ТБИЛИСЫ

9 апрелы æмбисæхсæв райдыдта Тбилисы фароны цауты амæттæгты саударæн бон.

Дæсгай мин тбилисæгтæ, æппæт бæстæйæ æмæ фæсарæнтæй уазджытæ кæм уыд, уыцы митинджы зæлыд фидар сидт æцæг демократи æмæ сæрибарад фидар кæнынмæ, уый фарс лæууы, уый Гуырдзыстоны ССР-йы Сæйраг Советмæ æмæ республикæйы æппæт фæллойгæнджытæм йæ сидты бацамыдта М. С. Горбачев.

Саударæн митингтæ уыдысты республикæйы æппæт регионты дæр. Зæрдылдарæн бон ахицæн бирæмион манифестацийæ Гуырдзыстоны сæйраг горæты национ стадионы.

(Гуырдзинформ—СЦТА).

ЕРЫСЫ БОНЫГ

ТЫЛЛÆГЫЛ ТОХЫ

РÆСТÆГ ЗЫНАРГЪ У

Бирæ змæлд ис ацы бопты Æрыдоны районы колхозты æмæ совхозты быдырты. Хорз арæхсынц механизатортæ алы куыстмæ дæр. Раггæнд культуртæ уал байтыдтой 1000 гектарæй фылдæр. Уыдонимæ хохаг хъæдур æмæ сыскæй нумæ хæццæйæ 750 гектары. Алы хæдзарады дæр хорз зонынц ацы холлаг фосхæссынæн стыр пайда кæй у, уый æмæ йæм ацы аз аздæхтой уæлдай стырдæр æргом. Уымæ гæсгæ ма дыккаг æмгъуыдæн байтаудзысты 800 гектары бæрц.

Быдырон куыстытæ рæвдздæр цæуынц Ленины номыл колхозы Николай Черевкойы арендон бригады. Ам техникæ рагацау хорз цалцæггонд кæй æрцыдис æмæ зæххытæ цæттæ кæй уыдысты, уый фæрцы къуылымпы ницæмæй кæнынц. Сæ картофы зæхх ахсы 100 гектары æмæ йæ сагъд фесты. Фæлæ, хъыгагæн, иннæ хæдзарæдтæ фæстиат кæнынц ацы культур садзынмæ, картофы мыггаг сын фаг кæй нæ кæны, уый тыххæй.

Æрыдоны районы хæдзарæдты æрвылаз æвзæр не 'рзайын кæнынц халсартæ дæр. Æмæ та ам дæр разагдæртимæ ис Ленины номыл колхоз. Дæсны специалист Иван Пироговы арендон бригады зæххытæ ис 535 гектары æмæ сæрмагондæй кæндзæн халсарты куыст. Æрмæст сæ пъæмидоры хуымтæ ахсдзысты 85 гектары, хохаг хъæдуры — 73 гектары. Рагацау уал тыд æрцыдысты мæймæ булкъ, къабуска, цæхæра æмæ æндæр культуртæ. Ацы колхозы ма халсары куыст кæндзæн Евгения Масленниковайы звено. Ис æм 50 гектары фæзуат. Ам дæр куыстытæ сты сæ тæмæны.

Фæлæ, кæй зæгъын æй хъæуы, зæхкусджыты сæйрагдæр мæт нартхор афоныл агротехникæйы домæнтæм гæсгæ байтауын у. Æдæппæт сæм ацы культур бацахсдзæн 5200 гектары. Хæдзарæдты ис дæсны механизатортæ. Зæгъæм, Кировы номыл колхозы Мсойты Таймураз разамынд кæмæн дæтты, уыцы арендон мехкъорд. Кæнæ Николай Черенкойы коллектив. Уæдæ К. Марксы номыл колхозы Гноты Владимиры звено дæр фæсте никуы баззайы. Адонæй алчидæр нымад у дæсны зæхкусæгыл. Фæстаг азты нартхоры хъæздыг тыллæг исын байдыдта совхоз «Æрыдон»-ы Гогаты Барисы коллектив дæр.

Фæлæ, хъыгагæн, Æрыдоны районы агропромышленон иугонды сæйраг агроном Баситы Руслан куыд зæгъы, уымæ гæсгæ бирæтæ нартхоры куыстгæнгæйæ раззагдæр фæлтæрддзинадæй пайда нæ кæнынц.

МÆХÆМÆТТЫ Б.

Зæххы куыст рагæй кæнын æмæ йæ зонын, уалдзæг иунæг сахат дæр зынаргъ кæй у, уый. Уымæ гæсгæ нæ куыст райдайæм райсомæй радзы æмæ йæ фæвæййæм изæрдалынгты.

Картоф нæм ис 170 гектары, æмæ йæ адыууæ боны фæуыдзыстæм сагъд. Ацы культур хорз пайда дæтты бригадæн, стæй колхозæн дæр. Тыллæг ноджы фæфылдæр, йæ технологи йын куы анвтам, уæд. Фылдæр фæзуаты картоф ныссадзæм, фæззæг губакк цы зæхх скæнæм, уым.

Ацы хъуыддæгтæ механизатортæн амонын нал хъæуы. Хорз базыдтой картофы куыст Бикъоты Аврам, Валикъо Илиаули æмæ Хъуылымбегты Гаврил. Сæ хъарутыл нæ ауæрдынц, цы куыст бакæнынц, уый вæййы лæмбынæг.

Уæдæ халсарты куыст дæр æнцон нæу. Æмæ зæрдиагæй архайæм къабуска, джитри, цæхæра æмæ æндæр витаминджын культуртæ зайын кæныныл. Æдæппæт ахсынц 52 гектары.

Куыстæй бæргæ нæ тæрсæм, архайæм горæтты фæллойгæнджытæн витаминджын продукци фылдæр арвитыныл. Фæлæ та тæрсæм, иннæ азты куыд рауайы, афтæ та куы уа. Ома, продукцийы аргъыл нал дзурæм, уый аслам у, фæлæ цæттæгæнæн организацитæм къахихсыд бавæййæм, афоныл æй нæ фæисынц. Æмæ та афтæ цæмæй ма рауайа, уый тыхæй колхозы разамонджытæ, стæй иннæтæ фидар бадзырд куы саразиккой, уæд мах дæр æнæмæт уаиккам, тыллæг исын афон аххосджыны нæ агуриккам.

ТОЛАСТЫ Таймураз,
Горæтгæрон районы Ленины номыл колхозы бригадир.

ИУ ÆНТЫСТЫЛ ЛÆУУÆН НÆЙ

Нæ мехкъорды зæхкусджытæ рагæй фæллой кæнынц нумæ, зонынц чи цæмæ хуыздæр арæхсы уый, æмæ зæххыс кæнынц кæрæдзийæн. Ис дзы ветерантæ, æрыгон фæсивæд. Æмæ æз уый растыл нымайын, афтæ куы нæ уа, уæд зæхкусæджы фæд сæфгæ кæны.

Мах сæрыстыр стæм Уыргаты Æхсарæй, Белыккаты Владимирæй æмæ Рæмонты Анатолийæ. Адон сты æсны механизатортæ, хорз зонынц агротехникæйы домæнтæ æмæ сæ æххæст кæнынц æнæкъуылымпыйæ. Уæвгæ дзы ахæмтæ бирæ ис, æдæппæт стæм 17 адæймаджы. Дæс азæй фылдæр бакуыстам коллективон подрядæй, нæ бæрæггæнæнтæ-иу æвзæр нæ уыдысты, фæлæ раззагдæр хæдзарæдтæ арендæмæ куы рахызтысты, уæд сæ мах дæр бафæзмыдтам. Мехкъорды уæнгтæ иууылдæр сразы сты æмæ нæ фæрæдыдыстæм.

Зæгъдзынæн фароны бæрæггæнæнтæй иу цалдæры. Гибридон нартхорæй алы гектарæй дæр райстам пъланæй фондз центнеры фылдæр, хуымæтæг нартхоры гектары тыллæг та схæццæ ис 100 центнермæ. Колхоз æдæппæтæй сыгъдæг пайда райста иу милуан æмæ 700 мин сомы, уыдонæй мах мехкъорд радта иу милуан 600 мин сомы. Æмткæй райсгæйæ афæдз иу механизаторты мызд схæццæ 750 соммæ.

Зæххытæ нæм ис 1200 гектары, Архайæм, цæмæй æдзухдæр пайдаджын уой, уый тыххæй. Фермæтимæ нын ис хорз бастдзинад æмæ бынæттон хъацæнтæй сæфгæ ницы кæны, иууылдæр цæуынц быдыртæм. Уæдæ минералон хъацæнтимæ дæр архайæм арæхсгæ, гербицидтæ дæр куыд фæндыйæ нал хæссæм мæрмæ.

БРЦИАТЫ Владимир,
Кировы районы К. Марксы номыл колхозы арендон коллективы хицау.

1987 азæй нырмæ æдзæппæт аттестации хъуамæ ацыдаид 2025 адæймаджы. Ацыазы фыццаг февралмæ аттестацигоид æрцыд 1954 адæймаджы. Сæ хæстæ æххæст кæнын кæй бон нæу, афæмтыл нымад æрцыд 50 адæймаджы бæрц. Уыдонæй — 48 разамонæджы. Ист æрцыдысты сæ куыстæй. Уыдонимæ — Советон районы мидхъуыддæгты хайады оперативон куыст Бурсайлов, Ленины районæй слæстæнджытæ Хетæджы - фырт æмæ Акъойы-фырт. Мæздæгæй — участковы инспектор Бигъайы-фырт, Кировы районæй — БХСС-ы кусæг Джиойы-фырт æмæ æндæртæ. Сæ бынаты аккаг ма чи нæ уыд, уыдон, æдзæппæт 30 адæймаджы, ивд æрцыдысты æндæр куыстмæ, бирæтæн амынд æрцыд сæ дæсныйад фæхуыздæр кæнын..

Аттестацийы рæстæг 228 адæймагæн къамис радта куысты хъуагдзинæдтæ ауварс кæнынæн афæдзы æмгъуыд. Рæстæг куы рацыд, уæд уыдонæй 25 кусæджы æрвыст æрцыдысты оргæнтæй. Аттестаци хуыздæр ацыд Алагиры, Æрыдоны, Дыгуры, Кировы, Æрæфы æмæ Советон районты. Лæмæгъдæр уыд ацы куыст иннæ районты. уæлдайдæр уголовон слесты æмæ БХСС-ы кусджыты, 40 кусæджы — сæ мыздсын кæй фылдæр кодтой. уый тыххæй, æхсæз адæймаджы та — уæлдæр бинатмæ аргъæвыны тыххæй.

Республикæйы прокуроры æххуысгæнæг Г. Тхачевайæн къамисы уæнгтæ бафæдзæхстой йæ куыст фæхуыздæр кæнын, радтой йын æхсæз мæйы æмгъуыд. Фæлæ уый йæ тæнпенгæ абарста æмæ ракуырдта, цæмæй йæ къамис æндæр бинатмæ анва. Фæлæ аттестацийы кумсты ис хъуагдзинæдтæ. Разамонджытæй бирæтæ арф хатдзæгтæ не скодтой, сæ бæрны чи нс, уыдоны куыстæн, стæй кусджытæн сæ миниуджытæн дæр.

Слестгæнджытыл æмгъуыдæй раздæр аттестаци скæнины тыххæй республикæйы прокуратурæйы коллеги йы æмæ райдиан партион организацийы бюройы иумæйаг уынаффæ (22.03.89 азы) нæ сæххæст кодта слестгæнæн управлени. Афтæмæй, уголовон хъуыддæгтæ бæрæггæнгæйæ иуæй-ну слестгæнджытæн сæ куысты вæййы бирæ хъуагдзинæдтæ, слесты æмгъуыд та — дæргъвæтин.

Республикæйы Сæйраг тæрхондоны уæнг Гетъоты Хъазыбег дæр радзырдта, тæрхонгæнджыты коллеги цы куыст бакодта, уый фæдыл. Къамис разамæ кодта къорд кусæджы, тæрхонгæнджытæн læ-

Лæмæгъ у фыдгæнджытæ æмæ æгъдаухалджытимæ, экономикæ фæстæмæ чи кæны, ныры уавæртæй пайда чи кæны, йæ дзыпп дзы кæмæн нæрсы, уыдоны ныхмæ тох. Æргомдæр дзурын хъæуы ахæм фæзындтытыл, мыхуыры, радио, телеуынынады. Уыдонæн æххуысмæ фæсидын хъæуы юристты, чекисты. Саразын хъæуы прессцентртæ. ног рубрикæтæ газетты, цæмæй сæ мыхуыргонд цæуа милицæйæ, прокуратурæйæ, тæрхондæттæй æрмæг. Ууыл уыд йæ кæронбæттæн ныхас барадон къамисы сæрдар Мецъаты Ирбегæн.

Президиумы æмбырды амынд фарстаты фæдыл хаст æрцыд уынаффæ.

ХАЦЫРТЫ Еленæ.

28 АПРЕЛЫ — ДЫККАГ ХАТТ ÆВЗÆРСТЫТЫ БОН

Кандидаттимæ фембæлд

Культурæйы галуан «Электрон»-ы сæ æвзарджытимæ фембæлдысты Котовскийы 53-æм æвзарæн округжы кандидаттæ — Сæйраг Советмæ нæ республикæйы СЦКП-йы обкомы партион контролы къамисы сæрдар Дзæгъойты Г. æмæ горсоветы депутаттæм кандидат республикæйы Министрты Советы капиталон арæзтады управленийы хицау А. Подлужный.

Фембæлд байгом кодта округжы æвзарæн къамисы сæрдары хæдивæг К. Калашников. Уый ныхасы бар радта кандидатты æууæнкджытæн— СЦКП-йы обкомы инструктор Хадыхъаты П. æмæ Советон районы мидхъуыддæгты хайады хицау Хъалæгаты А. Уыдон æвзарджыты базонгæ кодтой кандидатты царды æмæ фæллоимæ.

* * *

Ныхасы рацыд Дзæгъойты Г. Иæ платформæимæ адæмы базонгæ кодта А. Подлужный дæр.

Дыууæ кандидаты дæр дзуапп радтой æвзарджыты бирæ фарстытæн.

Завод «Радуга»-йы уыд æвзарджытæн фембæлд Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы депутаттæм кандидаттимæ — Виктор Коваленко æмæ Вадим Кумеховимæ.

Фембæлд байгом кодта 23-æм Бутырины округжы æвзарæн къамисы сæрдар Басаты Батырбег. Уый адæмы базонгæ кодта кандидаттимæ. Æрмæст, заводы инструменталон цехы куыдзытæ хорз зонынц В. Коваленкойы. Кусы сæм слесырæй. У дæсны специалист. В. Кумехов та у Орджоникидзейы дзидзайы комбинаты кусæг.

Кандидатты царды æмæ фæллоимæ адæмы базонгæ кодтой сæ æууæнкджытæ хæсты æмæ фæллойы ветерантæ А. Гриненко æмæ Олисаты И.

Кандидаттæ дзуапп радтой бирæ фарстытæн.

Алагиры районы совхоз «Коммунист»-ы быдырты фæзынды сты фæззыгæнд культурты æнæсахъат æвзартæ. Уыдонмæ минералон хъацæнтæй базилыны куыст бахæс кодтой фæлтæрдджындæр механизатортæ ХЪАЙТЫХЪТЫ Юрий æмæ Христофоræн (уынут сæ ацы нывы). Алы бон дæр сæ хæслæвæрдтæ ахицæн кæнынц дыварæй.

Къæм систа
КЪÆБЫСТЫ Х.

ПАРТИОН ЦАРД: ДЗУАПДÆТТÆН-ÆВЗАРÆН ÆМБЫРДТÆ

ИС МА ÆНÆЛЫГГОНД ФАРСТАТÆ

Орджоникидзейы электрон цырæгътæ заводы дыккæгæм цехы партион организацийы хыгъды ис фæндзай коммунистæй фылдæр. Хорз ахады партион организацийы архайд цехы коллективы фæллойадон æмæ æхсæнадон цардыл.

Дзуапдæттæн-æвзарæн æмбырды докладгæнæг цехы партион бюройы секретарь Чиаты Рая æмæ раныхасгæнджытæ куыд бацамыдтой, афтæмæй бирæ у партион организацийы хъомыс. Æмæ тырны йæ авналæнтæ æмæ гæнæнтæй æххæстдæрæй пайда кæнынмæ.

Партион организацийы уæнгтæ—фæллойы раззагдæртæ, фæзминаг сты сæ хъæппæрисæй, се 'гъдауæй, сæ ахастдзинадæй куыстадмæ æмæ æхсæнадон хъуыддæгтæм. Аудыны рацарæзты æууæлты бирæнацион коллективы фæллойгæнджыты 'хсæн хæлардзинады ахастдзинæдтæ фидар кæныныл, партионты кадджын ном сыгъдæгæй хæссыныл. Уымæн дæнцæг сты коммунисттæ Гойайы-фырт, Гæззайы-фырт, Мыкагъайы-фырт, Гуцмæзы-фырт, Хъæстуайы-фырт, Чернуцкая, Бурдули æмæ бирæ æндæртæ. Уыдон тынг зæрдиагæй тох кæныны коллектив йæ размæвæрд хæстæ æнтыстджынæй æххæст кæнынмæ амидин кæныныл. Æмæ уый сæ къухы æфтæ дæр кæны.

Партион бюро дзуаппон præстæг æвзæр нæ бакуыста. Иудадзыг æргом здæхта партион организацийы кад, комунисты раздзогон ахадындзинад куыстады æмæ коллективы æхсæнадон царды фидар кæныныл. Уыцы фарстатыл кæддæриддæр ныхас цыд бюройы æмæ иумæйаг партион æмбырды.

Фæлæ коммунисттæ сæ архайдæн аргъ кæныны критикон æмæ хикритикон цæстæнгасæй. Уый бæрæг уыд докладгæнæг æмæ раныхасгæнджыты æргом ныхæстæй. «Бюройы куыст карз критикæгонд æрцыд партийы XXVIII съездмæ СЦКПйы ЦК-йы Платформæйы проектыл æрæджы цы нумæйаг æмбырды ныхас кодтам, уым», — загъта партбюройы секретарь. Коммунисттæ партбюройы цæстмæ бадардтой йæ архайды сындæгдзинад, цауты разæй цæуынмæ хорз кæй нæма арæхсы æмæ коллективы моралон-психологон уавæрыл куыд æмбæлы, уыйбæрц кæй нæ ауды, уый тыххæй. Фылдæр адæмыл аххæссыныл архайгæйæ, партион бюройæ хатгай рохуаты аззайынц, хицæн коммунисттæ, уæлдайдæр æрыгæттæ.

«Ныууадзæм сæ хибарæй сæ хъуыдытæ æмæ сагъæстимæ, æмæ уымæ græпæ сафæм нæ партийы хæстхъомдзинад» — загъта докладгæнæг. Уый аххосæй партион организацийы ис æмæ сæ куыстадон хæстæ ахæм коммунисттæ дæр, уæлдайджынтæй æххæст кæнгæйæ, æгъдау нæ халгæйæ, партион куыст æппындæр чи нæ архайы. Æмæ уым сæхæдæг уый бæрц ахсджын не сты, партион бюро æмæ йæ актив цас аххосджын сты. Фылдæр кусын хъæуы хицæн адæймæгтимæ. Партион организацийы ис, афæдзгай йе 'мбырды ну хатт дæр чи нæ раныхас кæны, ахæм уæнгтæ. Иуæй-нутæ та дзы æрбайрох кæнынц афоныл уæнгон фиддонтæ бафидын дæр.

Цехы хицауы хæдивæг **Борис Малиновский** æмбырды архайджыты 'ргом аздæхта партбюройы идеологон куысты хъæндзинæдтæм. Уыцы куысты коммунисты разæнгарддзинад чысыл у. Партбюро уæлæнгай ауагъта коммунисты 'хсæн идейон-хъомыладон куыст. Иуасдæр фæцаудлæр партион, профцæдисон æмæ фæскомцæдисон ахуырады уавæр. Ис сæм партион кабинет, фæлæ нæ ахады,— нæй дзы сæрмагонд кусæг. Бахаста фæндон партбюройы секретарæн уæнгон фиддонтæй мызд фидын райдайын.

Партбюройы уæнг слесыр **Петр Гусков** загъта: «Нæ дæн разы нæдæр партион бюройы, нæдæр мæхи архайдæй. Афтæ мæм кæсы, æмæ партион æгъдау фидар нæ фæлæ лæмæгъдæр кæны. Æмбырдтæм афойнадыл нæ цæуæм. Бирæтæ та цухтæ дæр фæкæнынц. Æз дзуапп дæттын адæмон дружинæйы куысты тыххæй. Æгъдау дзы нæй. Æвзæр кусы. Уымæн æмæ йын милицæйы куысдзытимæ фидар бастдзинæдтæ арæзт нæй.

Цехы хицау **Сосранты Сергей** куыд бацамыдта, афтæмæй къуыхцытæ ис куыстады мидæг. Сæйрагдæр ахсосаг — нæ фаг кæнынц кадртæ. Партион организаци хъуамæ фылдæр æргом здаха кусæг кадртæ æвзарыны æмæ цæттæ кæныны фарстатæм. Хуыздæр кусын хъæуы, заводмæ фæллой кæнынмæ æрвитæг бюро цы æвзонг лæппутæ æмæ чызджытæ æрбафвиты, уыдон хъомыл кæныныл. Бирæтæ дзы æрбацæуынц, цæмæй горæты фыст æрцæуой, цæрæнуат райсынмæ рады æрлæууой, æрмæстдæр, уый тыххæй. Цыбыр præстæдкы фæстæ сæ куыст фæуадзынц. Уый аххосæй дæр коллективы 'хсæн ахастдзинæдтæ фæкарздæр вæййынц. Æмæ уыцы фарстатыл партион бюро хъуамæ бæстондæр ахъуыды кæна.

Хистæр мастер **Николай Фомичев** куыд бацамыдта, афтæмæй фæстаг æртæ мæйы дæргъы бюройы куысты æргомдзинад дзæвгар фæкъаддæр ис. Бюройы архайды тыххæй коммунисттæн афойнадыл нæ фехъусын кæнынц.

Алы коммунист дæр хъуамæ архайа партийы уынаффæтæ пропагандæ кæныныл. Уымæ græсгæ алкæмæн дæр хъæуы сæрмагонд хæстæ бафæдзæхсын. Бирæ коммунисттæн та ахæм хæстæ læвæрд нæй, æмæ уый аххосæй разæнгарддзинад не 'вдисынц. Æмбырды ма раныхас кодтой цехы фæскомцæдисон организацийы секретарь **Аулохты Рамид**, бригадир **Гуыцмæзты Венерæ**, сæйраг инженер **Елеты Изранл.** Уыдон бацамыдтой, зæгъгæ, партион бюройы фылдæр æргом аздахын хъæуы фæскомцæдисон организацийæн разамынды уаг фæхуыздæр кæнынмæ, цехы кусджыты æнæлыггонд социалон фарстатæм, заводы цы ног экономикон ахастдзинæдтæ равзæрд, уыдон фидар кæнынмæ.

Æмбырды архайджытæ куыд зæрдиаг, æргом æмæ сагъæссаг ныхас кодтой, уымæ græсгæ хатдзæг скæнæн ис: заводы дыккæгæм цехы партион организацийы коммунисты хъарутæ бирæ сты. Ис сæм нудзинад, сæ размæ цы ахсджиаг хæстæ лæууы, уыдон æнтыстджынæй сæххæст кæныны хъуыддаджы. Æнкъарынц стыр бæрнондзинад нæ абоны рацарæзты хъысмæтыл.

Уымæ græсгæ нæ уырны, партионтæ, раздæрау, кæй уы дзысты заводы раздзоджы бынаты.

Æмбырды архайджытæ равзæрстой ног бюро. Партбюройы секретарæй ногæй æвзæрст æрцыд Чиаты Рансæ. Снысан кодтой заводы парткомы уæнгтæм кандидаттæ, районы партион конференцимæ делегатты кандидатурæты.

Æмбырды раныхас кодта СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы секретарь **Бирæгъты Ю. Г.**

ЦЪЕБОИТЫ С.

Орджоникидзейы машинæаразæн заводы хуыздæр фæллойадон æнтыстдзинæдтæ йæ къухы æфты 2-æм цехы коллективæн. Афæдзы райдайæнæй фæстæмæ ерысдзауты сæргъы сты Фатимæ Досхоева æмæ Фатимæ Магомедова. Алчидæр сæ 800 цæджы бæсты сараз 1500.

КЪАМЫ: Фатимæ ДОСХОЕВА æмæ Фатимæ МАГОМЕДОВА.

Къам систа
КЪÆБЫСТЫ Х.

ФÆКÆСИНАГ ФЕРМÆ

Колхозты æмæ совхозты фермæтæ чи фæллой кæны, уыдон æй хорз зонынц фосдарыны куыст æнцон кæй нæу, уый. Фæлæ алцæмæй хæдзардзинæй куы пайда кæнай, æрвылбон зооветеринарон домæнтæ куы æххæст кæнай, уæд фос заруатмæ нæ цæудзысты.

Лæмбынæгдæр зæгъдзынæн нæхи хæдзарады тыххæй. Хъомвос нæм чысыл нæй — 1978 стуры уыдонæй — 400 хъуццытæ. Фондз-æхсæз азы размæ дæр ма сæ пайда æвзæр нæ уыдис, фæлæ специалисты æмæ фосдарджыты æбæрнондзинады аххосæй фермæты фæзындис хæцгæ низтæ — бруцеллез æмæ туберкулез. Æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, æхсыры æрконд дæлæмæ-дæлæмæ цæуын байдыдта. Хъуццытæн сæ хуыздæрты дзидзайы комбинатмæ дæттын бахъуыд.

Чысыл фæхуыздæр кодтам фарон нæ куыст, фæлæ нæ авналæнтæ цас амонынц, уый бæрц æхсыр нæма исæм. Зонæм æй, республикæйы рай загдæр хæдзарадтæ ну хъуджы хыгъдмæ афæдз дуцынц 3500—4000 килограммы æхсыр, мах та æрмæст — 2600 килограммы. Уый æндæразимæ абаргæйæ у 196 килограммы фылдæр.

Æмæ афтæ сындæг куы рæза фермæйы пайда, уæд нæ бирæ астæ бахъæудзæн, цæмæй раззагдæрты æмрæнхъ рацæуæм, уый тыххæй. Нырма нын нæма баитысти, цы родтæ райсæм, уыдон кæронмæ æнæ зиантæй схæссын. Бирæ дзы амæлы.

Нæ сæйрагдæр специалисттæ нæ пайда кæнынц наукæйы æнтыстдзинæдтæй æмæ раззагдæр фæлтæрддзинадæй. Уый тыххæй бирæ дæнцæгтæ æрхæссæн ис. Зæгъæм, ныр дæр ма нæ рационтæ арæзт цæуынц цæстмæ græсгæ. Куыдфæндыйы цæстæй кæсынц хъомтæ хæрзмыггагæй раивыны фарстамæ дæр. Нæ холлæгтæн сæ фылдæр хæрхъæд нæ вæййынц. Уый та æвзæрырдæм зыны продукцийы хиаргъыл. Ныр цалдæр азы дæргъы æхсыры центнеры хиаргъ 55 сомæй дæлæмæ нæ цæуы.

Фарон афæдзы кæрон балхæдтам 350 хæрзмыггаг сыл роды. Бирæтæ дзы ныззадис. Æхсыр æвзæр нæ кæнынц. Хуыздæр хъугдуджытæм сæ радтам. Зилынц сæм зæрдиагæй. Зæгъæм, Дзадзаты Беллæ, Дзоблаты Сæлихан æмæ Зæгæлты Азæ уыцы фыцагзæттаг хъуццытæй бонсынц 10—12 килограммы æхсыр. Сæ цæст сæм хорз дарынц хъомгæстæ дæр. Цы холлæгтæ дзы ис, уыдон афонынл дæттынц Бесолты Хуысин, Гæдзæуонты Хъазыбег æмæ Хуадонты Майрæм. Арæзт цæуынц æндæр фæрæзтæ дæр, цæмæй нæ куыст фæхуыздæр уа, уый тыххæй. Фæлæ раст куы зæгъон, уæд бирæ ахсджиаг фарстатæ нæма цæуынц лыггонд. Нæй нæм, адæм сæ фæллад кæм суадзой, ахæм хæдзар дæр. Телевизор, газеттæ, кæнæ журналты кой дæр нал кæнын. Нæ цæстæй дæр сæ нæ уынæм.

Уæдæ бирæ коллективтæ цалдæргай астæ кусынц арендон подрядæй. Фæлæ махмæ йæ кой дæр нæма ис, уыцы ногдзинадæн. Æрæджы нæ коллективæн уыдис æмбырд, бахыгътам фыццаг кварталы бæрæггæнæнтæ. Æхсыр уæй кæнынæй нæ пълантæ сæххæст кодтам, фæлæ нæ сæйрагдæр ныхас уыдис, хъугдзинæдтæ ануварс кæныныл. Æмбырды уыдысты колхозы разамонджытæ æмæ специалисттæ дæр. Ныхас нын радтой, фермæйы куыстмæ сæ цæст хуыздæр кæй дардзысты, уый тыххæй.

ХЪАМБОЛТЫ Лазарь,
Æрæфы районы Ленины номыл колхозы фермæйы сæргълæууæг.

САЙРАГ ÆХХУЫСГÆНÆГ

Афæдз æмæ зæрдиагæй фылдæр Цæгат Ирыстоны сайраг горæт Орджоникидзейы кусы коммерцион центр. Фæлæ, хицæгæн, абоны онг нæ коммерцион центр йæ фадæттæй æххæстæй нæма пайда кæны. Абоны онг дзы кусынц æрмæстдæр æртæ уæйгæнæн хайады. Уыдон уæй кæнынц, промышленнон куыстуæттæ паддзахадон заказтæй уæлдай цы продукци уадзынц, уый. Стæй иу хуызы товартæ кынынц иннæтæй. Æмæ уый. мæнмæ гæстæ, у фосæвзæрæг, у фæсномыгæг, у сæрмагонд хæдзарадтæ. Уыдонæй æвзæрæг ис, фæлæ ныры фæстæмæй ацы хуызы товартæ æвзæрæг нæ ис. Ацы хуызы товартæ ис, фæлæ нæ ахады,— нæй дзы сæрмагонд кусæг. Бахаста фæндон партбюройы секретарæн уæнгон фиддонтæй мызд фидын райдайын.

Партбюройы уæнг слесыр **Петр Гусков** загъта: «Нæ дæн разы нæдæр партион бюройы, нæдæр мæхи архайдæй. Афтæ мæм кæсы, æмæ партион æгъдау фидар нæ фæлæ лæмæгъдæр кæны. Æмбырдтæм афойнадыл нæ цæуæм. Бирæтæ та цухтæ дæр фæкæнынц. Æз дзуапп дæттын адæмон дружинæйы куысты тыххæй. Æгъдау дзы нæй. Æвзæр кусы. Уымæн æмæ йын милицæйы куысдзытимæ фидар бастдзинæдтæ арæзт нæй.

Цехы хицау **Сосранты Сергей** куыд бацамыдта, афтæмæй къуыхцытæ ис куыстады мидæг. Сæйрагдæр ахсосаг — нæ фаг кæнынц кадртæ. Партион организаци хъуамæ фылдæр æргом здаха кусæг кадртæ æвзарыны æмæ цæттæ кæныны фарстатæм. Хуыздæр кусын хъæуы, заводмæ фæллой кæнынмæ æрвитæг бюро цы æвзонг лæппутæ æмæ чызджытæ æрбафвиты, уыдон хъомыл кæныныл. Бирæтæ дзы æрбацæуынц, цæмæй горæты фыст æрцæуой, цæрæнуат райсынмæ рады æрлæууой, æрмæстдæр, уый тыххæй. Цыбыр præстæдкы фæстæ сæ куыст фæуадзынц. Уый аххосæй дæр коллективы 'хсæн ахастдзинæдтæ фæкарздæр вæййынц. Æмæ уыцы фарстатыл партион бюро хъуамæ бæстондæр ахъуыды кæна.

Хистæр мастер **Николай Фомичев** куыд бацамыдта, афтæмæй фæстаг æртæ мæйы дæргъы бюройы куысты æргомдзинад дзæвгар фæкъаддæр ис. Бюройы архайды тыххæй коммунисттæн афойнадыл нæ фехъусын кæнынц.

ЦЪЕБОИТЫ С.

САЙРАГ ÆХХУЫСГÆНÆГ

Афæдз æмæ зæрдиагæй фылдæр Цæгат Ирыстоны сайраг горæт Орджоникидзейы кусы коммерцион центр. Фæлæ, хицæгæн, абоны онг нæ коммерцион центр йæ фадæттæй æххæстæй нæма пайда кæны. Абоны онг дзы кусынц æрмæстдæр æртæ уæйгæнæн хайады. Уыдон уæй кæнынц, промышленнон куыстуæттæ паддзахадон заказтæй уæлдай цы продукци уадзынц, уый. Стæй иу хуызы товартæ кынынц иннæтæй. Æмæ уый. мæнмæ гæстæ, у фосæвзæрæг, у фæсномыгæг, у сæрмагонд хæдзарадтæ. Уыдонæй æвзæрæг ис, фæлæ ныры фæстæмæй ацы хуызы товартæ æвзæрæг нæ ис. Ацы хуызы товартæ ис, фæлæ нæ ахады,— нæй дзы сæрмагонд кусæг. Бахаста фæндон партбюройы секретарæн уæнгон фиддонтæй мызд фидын райдайын.

Партбюройы уæнг слесыр **Петр Гусков** загъта: «Нæ дæн разы нæдæр партион бюройы, нæдæр мæхи архайдæй. Афтæ мæм кæсы, æмæ партион æгъдау фидар нæ фæлæ лæмæгъдæр кæны. Æмбырдтæм афойнадыл нæ цæуæм. Бирæтæ та цухтæ дæр фæкæнынц. Æз дзуапп дæттын адæмон дружинæйы куысты тыххæй. Æгъдау дзы нæй. Æвзæр кусы. Уымæн æмæ йын милицæйы куысдзытимæ фидар бастдзинæдтæ арæзт нæй.

Цехы хицау **Сосранты Сергей** куыд бацамыдта, афтæмæй къуыхцытæ ис куыстады мидæг. Сæйрагдæр ахсосаг — нæ фаг кæнынц кадртæ. Партион организаци хъуамæ фылдæр æргом здаха кусæг кадртæ æвзарыны æмæ цæттæ кæныны фарстатæм. Хуыздæр кусын хъæуы, заводмæ фæллой кæнынмæ æрвитæг бюро цы æвзонг лæппутæ æмæ чызджытæ æрбафвиты, уыдон хъомыл кæныныл. Бирæтæ дзы æрбацæуынц, цæмæй горæты фыст æрцæуой, цæрæнуат райсынмæ рады æрлæууой, æрмæстдæр, уый тыххæй. Цыбыр præстæдкы фæстæ сæ куыст фæуадзынц. Уый аххосæй дæр коллективы 'хсæн ахастдзинæдтæ фæкарздæр вæййынц. Æмæ уыцы фарстатыл партион бюро хъуамæ бæстондæр ахъуыды кæна.

Хистæр мастер **Николай Фомичев** куыд бацамыдта, афтæмæй фæстаг æртæ мæйы дæргъы бюройы куысты æргомдзинад дзæвгар фæкъаддæр ис. Бюройы архайды тыххæй коммунисттæн афойнадыл нæ фехъусын кæнынц.

ЦЪЕБОИТЫ С.

ХЪУГДУЦÆДЖЫ КАДÆН

Æрæджы Цæгат Ирыстоны Ардз хъахъхъæныны паддзахадон комитет рахаста, адæм æхсызгонæй кæуыл сæмбæлдысты, ахæм ахсджиаг уынаффæтæ. Уыдонмæ græсгæ æхгæд цæуынц: Мызуры поселочы сæрмæ нудадзыг бæзджын фæздæг чи уадзы, Алагиры фæндæгты арæзтады управленийы, уыцы завод. Сæхгæндзысты Дзуарыхъæуы дурлытгæнæн цех. Цæгат Ирыстоны фæндæгтæ аразæг управленитæ йæ асфальт-бетонгæнæн завод Фыйфагдоны цæугæдоны былæй хъуамæ анва æндæр рамæ. Уыцы цех æмæ завод фæздæгæй сафынц Фыйфагдон æмæ йæ алывæрстмæ.

Хорз уынаффæтæ! Æрмæст гæххæттыл фыстæй ма баззайæд.

Нæ уацхæссæг.

ФÆУÆЛАХИЗ

ССР Цæдисы Бастдзинады Министрады коллеги бахыгъта 1989 азы социалистон ерысы бæрæггæнæнтæ. Куыд рабæрæг, афтæмæй фæуæлахиз Цæгат Ирыстоны Бастдзинады куыстадонтехникон управленийы сæрмагонд хайад (йæ хицау Ардасенты Георгий), æмæ йын

САЙРАГ ÆХХУЫСТÆНÆГ

Афæдз æмæ фылдæр Цæгат Ирыстоны сæйраг горæт Орджоникидзейы кусы коммерцион центр. Фæлæ, хъыгагæн, абоны онг нæ коммерцион центр нæ фадæттæй æххæстæй нæма пайда кæны. Абоны онг дзы кусынц æрмæстдæр æртæ уæйгæнæн хайады. Уыдон уæй кæнынц, промышленнон куыстуæттæ паддзахадон заказтæй уæлдай цы продукци уадзынц, уый. Стæй ну хуызы товартæ нæ нæтæй. Æмæ уый, мæнмæ гæсгæ, у фесдалон экономикæйы бæрæг миниуджыты хуызæн.

Коммерцион центримæ информацион-коммерцион лæггæдты фæдыл алыхуызон бадзырдтæ аразынц колхозтæ, совхозтæ, промышленнон куыстуæттæ, кооперативтæ. Афтæ зæгъынæн нæй, æмæ специалисттæ æвзæр кусынц ацы хъуыддагыл. Уыдон сæхæдæг æхсызгонæй аууынц æлхæнджыты. Æмæй сæ товар уæйгонд æрцæуа, уый тыххæй.

Зæгъæм, хомаг, кусæнгæрзтæ, станоктæ хъуаг цы заводтæ æмæ фабриктæ æйфафынц, уыдонæн коммерцион центр баххуыс кæны се ссарынæн.

Ныр дыккаг аз коммерцион центр уадзы йæхи газет дæр. Уайтагъд æй базыдтой бæстæйы æндæр коммерцион центртæ. Газеты вæййы алыхуызон рекламæ, информацион æрмæг. Нæ зæрды ис газеты мидис фæхъæздыгдæр кæнын.

Коммерцион мыхуыр нæ бæстæйы ног хуыз нæу, фæлæ чи ферох, æхæм. Зындгонд куыд у, афтæмæй зынгзæрдæ революционер Сергей Мироны фырт Киров йæ публицистон куыст райдыдта нæ горæты, Владикавказы коммерцион газет «Терек»-ы. Нæ газет райгуырдис хæдзарадон хыгъды æууæлты æмæ, хъыгагæн, йæ куыст фылдæр аразгæ у центры разамонджытæй.

Центры раздæры директор Бузаты Виктор архайдта газет уадзыныл, фæлæ ныры директор Тотыккаты Таймураз та фæнд кæны газет сæхгæныны, йæ уадзын, дам, махæн пайда нæ дæтты. Æмæ куыд дæтта пайда, кæд æмæ коммерцион центры абоны онг нæй, фæлхасгæнджыты домæнтæ чи ирташа, ахæм специалисттæ. Нæй йын æцæг экономикон æмæ организацион бындур.

Центр хæдзарадон хыгъдмæ æвиппайды кæй рахыз, уый æвзæрыдæм фæзынд йæ куыстыл. Ныр дæр ма лыг кæны, пайда йын чи нæ хæссы, ахæм хуыздæттæ.

Абон, æнæмæнг, ахъуыды кæныны хъæуы центры хадындзинадыл. Фæлæ præвдздæр кæниног сты йæ информацион службæ, мыхуыр, рекламæ, фæлхасгæнджыты домæнты соцнологон иртæстытæ, хъæуы йæхи газет. Уый у йæ сæйраг æххуысгæнæг.

ХЪАНЫХЪУАТЫ Галинæ,
журналист.

ХЪУГДУЦÆДЖЫ КАДÆН

Цалдæр боны размæ Хæтæлдоны колхоз «Ленинон»-ы æхсыры фермæйы райдзаст кæрты хъугдуцæт Мæргънаты Дусыйы кадæн хæрдмæ систой Сырх тыриса. Æхсызгон уыд уый Дусыйы æмбæлттæн. Ахæм кад ын фыццаг хатт нæ кæнынц. Фарон дæр иттæг хорз бакуыста. Иæ 50 хъутæй алкæмæй дæр пълан 3000 килограммы уæвгæйæ, æрдыгъта 3500 килограммы. Уæд дæр йæ кадæн фермæйы кæрты сæрмæ тæмæнтæ скалдта Сырх тыриса. Радтой йын æхцайы преми.

Ацы аз фыццаг кварталы бæрæггæнæнтæм гæсгæ бацахста фыццаг бынат. Дусыйæн зæрдиаг арфæтæ ракодтой йе 'мкусджытæ.

ГУЛИТЫ А.

ÆЦÆГ АХУЫРГÆНÆГ МÆ ЦÆУЫЛНÆ РАУАД?

1947 азы сæххæст мæ бæллиц. Ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæджы дипломимæ бахызтæн Алагиры районы Црауы астæуккаг скъолайы къесарæй, Скъолайы уæды разамонджытæ — йæ директор Хуырымты Хъауырбег æмæ ахуыры хайы хицау Дудиаты Варварæ. Варварæйы не 'ппæт дæр хуыдтам «хъуыдыты быркуы». Дыууæйæ дæр нæ куыстмæ сæ хъус тынг æрдардтой. Æппæлыны хуызы ма фæуæд, фæлæ æз ирон æвзаг æмæ литературæ ахуырдзаутæн куыд, цавæр мадæлтты фæрцы амыдтон, æрмæг сын сцымыдиссаг кæнынмæ куыд арæхстæн, уыдæттæ æмæ ма бирæ цæмæйдæрты сæ særдæмæ фæцыдтæн.

Æвæццæгæн, мæ Црауæй Алагиры 2-æм астæуккаг скъоламæ ахуыргæнæгæй æмæ районы методикон кусты разамонæгæй дæр уый тыххæй раивта районы уæды адæмы ахуыры хайады хицау Джидзалаты Арыпхан.

Ныр дæр ма ахуыргæнæгæй кусын. Фæлæ мæ фæллойы даргъ фæндагыл æз Арыпханы хуызæн хæдæфсарм, ахуыры æмæ хъомылады фарстатæ биноныг æвзарын чи зыдта, мæнæ «ахуыргæнджыты ахуыргæнæг», зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, дыккаг ахæм адæймагыл нал сæмбæлдтæн. Алагиры Арыпханы хъæппæрисæй, райхæлдысты кæд сын афтæ схонæн нс, уæд арæхстдзинæдтæ, куыд ирон æвзаджы ахуыргæнæг. Мах кæрæдзи æрдæг ныхасæй дæр æмбæрстам. Уый мæнæн аргъ кодта мæ 'нæхин фæллойы тыххæй, æз та йæ нымадтон уыцы æнæхин фæллойы фидар æнцойыл.

Мæнæн стыр æхсызгондзинад лæвæрдта уый, æмæ мæ ахуырдзаутæ мадæлон æвзаг æмæ литературæ ахуыр кæнынмæ сæ хъус тынг здæхтой, ноджы сæм уымæй уæлдай, стыр цымыдисаг кастысты сæ фыдæлты рацæлинаг æгъдæуттæ, сæ ахастдзинæдтæ кæрæдзимæ æмæ иннæ адæмтæм. сæ цин æмæ сæ бæллицтæ, сæ сæрибардзинадмæ тырнындзинады тохы фæндаг, сæ удварны уæлтæмæнад. Мæ ахуырдзаутæй бирæтæ равзæрстой ирон литературæ æмæ культурæйы рæзты фæндаг æмæ йын удуæлдай лæггад кæнынц.

Æз сæрыстыр дæн мæ раздæры ахуырдзаутæ поэт Уырымты Петкæйæ, критик æмæ фыссæг Гусалты Барисæй, нæ республикæйы театралон аивады бæгуыдæртæй ну Цихиты Мæирбегæй, журналист Толпарты Сослановæй æмæ ма ноджы дæсгай адæймæгтæй. Æз сæрыстыр дæн сымахæй, мæ раздæры ахуырдзаутæ, Саулаты Люся, Бутаты Хадизæт, Борыхъуаты Хъасболат, Азнаты Виталий, царды нысанæн хъомылады вазыгджын фæллойы фæндаг кæй равзæрстат æмæ йыл хъомысджын къахдзæфтæ кæй кæнут, уый тыххæй.

Афтæ мæм кæсы, цыма сабийæ уыцы цæрæццаг лæппутæ æмæ чызджытæ зæрдæты хуымгæндмæ культурæйæн аргъ кæныны монцмæ цы æвзарæй ныххауд, уыдоны райрæзты æмæ дидинæг рафтыды ис мæ фæллойы хай дæр. Кæй кой ракодтон, уыдон æмæ ма рæзгæ фæлтæры дæсгай æмæ дæсгай минæвæрттæ — мæ раздæры ахуырдзаутæ ныртæккæ сты нæ царды рæбинаг цæджындзæтæ æмæ мын се 'фсарм гæды ныхас зæгъыны бар нæ ратдзæн.

Мæ раздæры ахуырдзаутæ се 'ппæт поэттæ æмæ культурæйы куысты фæллойы фæндаг нæ равзæрстой: бирæтæ дзы сты экономисттæ, агрономтæ, дохтыртæ, базарадон æмæ- барадон куысджытæ... Мемæ сæмбæлгæйæ, бирæтæй фехъусын арфæйы ныхæстæ. Фæлæ уый хыгъд æз мæхæдæг мæхицæй разы нæ дæн. Мæхимæ кæсын Горькийы снывгонд сæнтбазыр уарийы хуызæн, сыгъдæг арвы тыгъдадмæ йæ бон стæхын æмæ уым йæ базыртæ дардыл айтындзын йæ бон кæмæн нал баци, тохы фæндагыл йæ нысанмæ чи нал бахæццæ, йæ бæллицтæй фыдæнхъæл чи фæци.

Мæхи æмбарынхъом куы фæдæн, уæдæй мæнæ æрæджыйы онг æз дæр, ме 'намонд фæлтæры бирæ минæвæртты хуызæн, уыдтæн иу удгоймаджы культы æмæ мидцоппайы азты домæнты тæккæ æнæбардæр, тæккæ коммæгæсдæр уацайраг. Раздæр Зилгæйы астæуккаг скъолайы, уый фæстæ Цæгат Ирыстоны Педагогон институты, мæнæй уæды царды домæнты аккаг адæймаг рауайыны охыл мæ ахуыргæнджыты удуæлдай фæллой нæ фæдзæгъæл: æз сæ фыдæнхъæл нæ фækодтон.

Ныртæккæ мæм мæ ахуыргæнæджы даргъ фæндагыл цыд кæсы хуызфæливæт гæккуырийы архайды хуызæн. Партийы «раст хаххыл» цæугæйæ мæм раст кастысты, сталинизмы функционертæ растыл цы нымадтой, æрмæстдæр уыдон: нал мæм уыд мæхи сæрмагонд хъуыдыгæнынад, хинæмбарындзинад. Социализмæн Сталин æмæ Брежневы схемæмæ гæсгæ сарæзт æнуд, æнæдуар, æнæрудзынг талынг ныгтæнд мæм каст адæмты амонды рухс æмæ райдзаст галуаны хуызæн. Мæ туг æмæ мæ зонды уæды дуджы идеологон хъылма афтæ ахъардта, æмæ ма мæ разы исчи йæ ныхмæ исты сдзырдтаид: акъабæзтæ йæ кодтаин, дæндагæй йæ бахсыдтаин.

Ирон литературæйы 30-æм азты бæгуыдæртæй ну «Уады уынæр»-ы автор Фæрнаты Къоста æмæ йе 'мдзæвгæтæ хъустыл рагон зæрдæмæ арфхъарæг зарæджы зæлтау кæмæн æмбæлынц, уыцы Æрнигон Иласы æз ахуырдзаутæн хуыдтон адæмы цыфыддæр знæгтæ. Дзесты Куыдзæг та, æнæмæлгæ «Хорхæссæг»-ы автор, ссис æлгъаг лæг, афтæмæй уый уыди æфсарм æмæ æгъдауы тæгтæй нывæзт адæймаг. Къубалты Алыксандры æз æвдыстон, скойы аккаг дæр чи нæу, ахæм адæймагæй, афтæмæй цас диссаджы æвæрæнтæ бахаста ирон культурæйы артдзæстмæ, куыд калдзыты автор æмæ адæмон сфæлдыстад æмбырдгæнæг.

«Фадат мын куы уаид, уæд Брытъяты Елбыздыхъойы «Дыууæ хойы» æнæ чиныгмæ гæстæ куыд зонон, афтæ сахуыр кæнин. Ахæм нывæфтыд, æхсæст æвзагыл фыст драмон уацмыс ирон литературæйы ссарæн нæй», — дзырдта-ну ныр теорийы урокты номдзыд Нигер. Гъе æмæ ахæм аргъ кæмæн кодтой, уыцы Елбыздыхъойыл цъиф калдтой, ирон литературæйæн Елбыздыхъойы минæм хайы йас дæр хæрзты чи нæ бацыд, уыцы «критиктæ», фæлæ поэты загъдау... Сыгъзæрин сыгъзæринæй зайы, фаджыс та алчæддæр фаджыс вæййы. Уыцы цъиф-калджытæ ныр сæ рæдыдыл басастысты, фæлæ уæддæр се 'лгъаг ми, Елбыздыхъойы ирон литературæйы программæтæй аппарын, рæстæгмæ, сæ къухы бафтыд. Æз та, куыд ахуыргæнæг, сæ ныхмæ сдзурыны бæсты ахæм лæгдзинад та кæмæ разындаид), сдæн сæ галиу хъуыдытæ рæзгæ фæлтæры æхсæн парахатгæнæт.

Цæвиттон, æз сæ ардыдæй мигъмæ рæйæгау къæбылайау рæйдтон, зонгуытыл лæууæйæ, зæдау табутæ кæныны кæмæн æмбæлдис, уыцы Елбыздыхъойыл æмæ мæ «хъуыдыты рæстдзинадыл» æууæндын кодтон сабиты.

Цас æмæ цас хæрзты бацыд ирон адæмæн чингуытæ аразæг, рухстауæг, тæлмацгæнæг Сæнджиаты Куырыхон Бæбу, æз та йæ ахуырдзаутæн æвдыстон цыфыддæр къласон знагæй. Афтæ мæ домдтой рæстæг æмæ цард. Мæхи хъуыды мæм нал уыд: сдæн саумылазон дуджы хъазæнхъул. Мæ раздæры ахуырдзаутæй бирæтыл фæзынд ме 'рмдзæф. Семæ сæмбæлгæйæ сæ æфсæрмы кæнын, царды æцæг нывтæ сын уæд та иухатт сæ цæстытыл кæй нæ андæгътон, уый тыххæй, æмæ мæхи æндæрырдæм аздахын.

Рæзгæ фæсивæды хъомыл кæныны хъуыддаджы мæ авналæнтæ фæуæрæхдæр кæныны тыххæй ма фæсаууон райстон истори амонының бар дæр. Фæлæ бынтон тъайлаг та ацы предметы бындуртæ амонгæйæ бадæн.

Хищæн адæймæгты марын раст у, зæгъгæ, раздæр уыцы хъуыдыйыл хæст уыдтæн, ныр та æнæхъæн адæмыхæттыты быныскъуыды фæндагыл кæй æрвыстой, уый дæр мæм раст фæкаст. Растыл нымадтон тæтæры, мæхъæлы, туркæгты, балхъайрæгты, немыцæгты сæ цæрæн бынæттæй кæй сыстын кодтой уый дæр. Æмæ та сдæн «æппæт адæмты фæтæг Сталины» хъуыдытæ парахатгæнæг. Уый фæстæ сдæн «нæ дуджы тæккæ хъомысджындæр ленинон» Брежневы, растдæр зæгъгæйæ та, мидцоппайы азты æнæхъола хъуыдытæ цардрахæцæны фæрæзтæ хонының активон пропагандæгæнæг. Афтæ куырмæджыты хъазтау анвгъуыдтой мæ тæккæ хуыздæр астæ. Нывбарут мын, мæ раздæры ахуырдзаутæ. Æз æй никæй ахæс кæнын, æцæг ахуыргæнæг мæ кæй нæ рауад, сымахæн, уæд та иу хатт, растдзинад рæстдзинад кæй нс схуыдтон, уый.

Ахæс ис æрмæстдæр мæнæн мæхимæ: мæ тæппудзинад фæуæлахиз мæ лæгдзинадыл. Мæ ацы хъуыдытæ равдыстон нывæфтыд рæнхъыты дæр. Байхъусутма йæм сымах дæр.

ФÆСМОН

Æртынæм аз кусын æз
ахуыргæнæгæй:

Истори амонын — мæ хæс.
Цæмæй уын раппæлон,
кæд ме схаст зæнæгæй
Уд и 'ары æнцойы фæрæз,
Мæ цард кæд уыд иууыл
куырмæджыты хъазын...
Мæ амонд ныссуйтæ
бынтон.

Мæ фæллоймæ кæстæр
хæссы ныр кæд азым,
Æмæ мæ æфхæры фæсмон.

Иæ цæсты ныр уымæн
куыд уон æз нымады,
Куыд нæ фыца риуы
йæ маст,

Иæ бæллицтæй царды
фæци кæд мæ сайды.
Кæмæ ма фæхæсса йæ
хъаст?

Сæрибары тохмæ
бырстой-иу фыдæлтæ,
Фæлтæртæн фæзминаг —
сæ уаг,

Æз та сæ кæстæртæн
хуыдтон уæд цы 'нхъæл дæ?
Нæ адæмы знæгтæ,

ælгъаг.
Нæ рухс кувæндæттæй
кæй чынди хынджылæг,
Хуыдтон уый фæрнæйдзаг
æгъдау.

Нæ фæтæг —
фыдракæндты гени,
æргæвдæг,

Æз та йын куывтон
раст зæдау.
Зæхкусæг — æнæ зæхх,
æнæхæдзар — кусæг.

Æвæтæсæг хистæр, æгад.
Рæстдзинад — рæхысбаст.
иæ дзыллæтæй — сусæг.

Цæстфæлдах, фæлитойтæн
рад.

Æнæ сауджын — аргъуан,
æнæмæзджыт — молло.
Æнæ мад, æнæ фыд —
хъæбул.

Уыд ахæм рæстæг дæр,
æнтыд, хуыскъæл, хъоло.
Куы уыдысты махæн нæ
дзул.

Фыдæлты рæсугъд фарн,
æгъдæуттæ, сæ хорз уаг
Мах роуаты уагътам
бынтон.

Бынæскъуыд кæй кодта
нæ мадæлон æвзаг.

Æз уый дæр рæстдзинад
хуыдтон.

Мах заууатмæ тардтой
нæ мидбынат доппай,
Æппæлæн ныхæсты
зæй цыд.

Куыд никуы рахуыдтон
сæ номæй æз, оххай,
Нæ къæдзилджын миты
рæдыд.

Нæ рауад мæнæй, нæ
æцæг ахуыргæнæг.
Æз уыл сæттын ныр
æргом.

Рæдыдзæдыл ацы́д мæ
ахсосæй зæнæг.
Мæн уымæн æфхæры
фæсмон.

ДЕНДЖЫТЫ Уырызмæг,
ахуыргæнæг.



МАДÆЛТЫ КУЫ НÆ 'ФХÆРИККАМ

Фыссын уæм фыццаг хатт. Дæн хæдзары æфсин, хъомыл кæныны 3 лæппуйы, хистæр ис æфсады, нинæтæ сты скъоладзаутæ. Æрæджы уæ газеты бакастæн ахæм уацхъуыд: «Амонд фæллойыл æнцайы». Æмæ дзы мæнæн мæ зæрдæмæ цы нæ фæцыд, уыдоны тыххæй мæ фæнды фыссын. Тынг зын мын уыдис, нæ зынаргъ мадæлты бафхæрын нæм афтæ æнцон цæмæн кæсы. Зæххы къорийыл мадæлтæ куы нæ уаид, уæд дуне уаид бынтон афтид, цард фидаутæ дæр нæ кæнид. Мæхицæй уал зæгъон. Иескуы куы вæййын æмæ куы æрбацæуын, уæд кæс, æмæ дзурынц нæ бинонтæ, æхсæвгæрæй нæ куыд амардтай. Æмæ сæ, зæгъын, æз мемæ ахастон. Мах, дам, сын ницы зонæм, кæм цы нс, уымæн.

Махæн нана нæй, уымæ гæсгæ хæлæг фæкæнæм, йæ дуармæ зæронд ус кæмæн рабады æмæ ма адæм дæр зондагур фæрсынмæ кæмæ фæцæуынц, уыдонмæ. Дæ сывæллон дын иу сахат чи барæвдауа, уымæн дæр хъуамæ йæ къухтæн пъатæ кæнай, æмæ мын уыцы мады æфхæрд дæр афтæ зын уымæн уыдис. Махæн та цы нæ бон у, сæ мад у æмæ йæ кæд нæ хъуыды кæнынц, уæд. Мад мад у, æмæ йæ хъæбулы зын феныны фæлтау йæхи цард дæр æмæ дзаума дæр нæ хъæуы. Цы ахъосджын у уыцы мæгуыр ус, йæ фырт аназы уымæй? Æнну кæцы нæлгоймаг нæ нуазы, уый нæ, фæлæ ма сылгоймæгтæй дæр — бирæтæ. Сидзæргæсæй чи фæцард, уый ма ныр дæр хъуамæ йæхæдæг амал кæна суг дæр æмæ æвзалы дæр? Стæй йæхи дарын йæхимæ цæмæн хауы, кæд ын пенси цæй, уæддæр ын цæуынæ æххуыс кæнынц, зын уавæры цы цоты схаста, уыдон. Ау, дæ мад, де 'фсин дæр фæуæд, уазалы куыд хъуамæ цæра? Кæд, мыйаг, арс æнхъæл ын сты æмæ зымæг фынæй фæкæны, зæгъгæ. афтæ хъуыды кæныц йæ горæтаг цот. Цæмæн фыссы уацхæссæг, уый карæн ус, дам, горæты цæмæн сындæг «æнæхойгæйæ», ау йæ уарзон хъæбулы хæдзармæ йæ цъæх бæхыл æд барæг хонæг хъæуы. Зæронд усæн цæмæн амонæм, кæм цæргæ йын у, уый, кæй хъæуы бабыстæ æмæ кæрчытæ, уый ма йæхæдæг æрхизæд йæ балкъонæй æмæ скæнæд хъæуы цицыртæ дæр.

Нæ фæсивæд горæтмæ куы ивылынц, куыд хъомыл кæныц, афтæ, уæд уыдонæн цæуынæ амонæм. Уый нæ, фæлæ иронау дæр куы нæуал дзурынц. Сæ фыдæлты кæртытæ та дургай бансты, сæ кæртытæ хæмпелгæрдæгæй бæрæг дæр нал дарынц, цыма дзы цæрæг дæр никуы уыд, афтæ. Маст алы бинонтæм дæр вæййы, æмæ хъуамæ сæ ну зондджындæр разына æмæ цард цæмæй сабырдæр уа, уыл архайа. Уыцы чындз цæмæн зæгъы йе 'фсинæн ахæм уайдзæфтæ, йæхæдæг дæр цот куы хæссы, стæй уымæй та хатдзæг цæуынæ скæны æмæ лæгæн йæ цардæмбал куы нæуал вæййы, уæд никæйуал фæхъæуы. Уыцы мадæн дæр ма йæ лæг æгас куы уаид, уæд йæ чындзы фæсдуармæ не 'рхаудтаид. Гыццыл сабитæм та цы зæрдæ нс цымæ, нуæй сæ фыды мысынц, нинæмæй та сæ нанайы, æмæ сабитæ та сæ нанаты фылдæр уарзынц. Цытитæ дæр, дам, ма хъарм комы тæфæй тайынц. Уыцы чындз йæ сывæллæтты сæр ахъуыды кæнæд. Ноэты тыххæй куы хицæн кæнæм, уæд нуæн дæр цæргæ нал у.

Афтæ фыстат, зæгъгæ, дам, чындзы йæ куысты дæр бабæрæг кодтам æмæ дзы 'взæр ничи загъта. Æмæ уæд сæ хъæубæстæм цæуынæ æрцыдыстут æмæ уым цæуынæ бафæрсут, уыцы мад æмæ фыртæн та цы аргъ кæныц сæ хъæубæстæ, сæ хионтæ, сæ сыхбæстæ, уым та цалы фæнадта уыцы læппу æмæ кæй бафхæрдта йæ мад?

Уæ газет «Рæстдзинад» хуыйны æмæ растыл кусут. Уайдзæф тынгдæр хауы уацхъуыд ныффыссæгмæ.

БАСКАТЫ Азæ.

РАГФЫДÆЛТЫ ФÆЗМГÆЙÆ

сыхбæстæ зæрдæбынæй кæй бацин кодтой, уым уадиссагæй цы ис, — бафæрсдзæн газеткæсæг. Æцæгæй та дзы ис ну раппæлинаг, цымыдисаг хъуыддаг, не 'ппæтæн дæр бафæзминаг чи у, адæмы цæстæнгас йæхимæ хъуамæ чи аздаха, ахæм.

Цæвиттон, Азæ æмæ Майрæм сæ бæлццоны куывдмæ æртымбыл кодтой æппæт хæстæджыты, зонгæты, сыхæгты дæр. Бæркадкъух фысымтæ ницы бавгъау кодтой: сæ хуынд адæмы фынгхъуыст Майрæмы барджын ныхас: «Мæ уазджытæ, сыхбæстæ, æз мæ кæрдзын æмæ цæхх уæй нæ кæнын: мысайнаджы кой мæ фынгыл куыд ничиуал скæна, афтæ!»

Чидæртæ ма афæлвæрдтой номхыгъд ацаразыныл, фæлæ Майрæм æмæ йæ бинонты фæнд æгæр карз уыд, æмæ ничиуал ницы загъта.

Мæнæн æхсызгон уыд Майрæмы фæндон, мæ туман мæ дзыппы баззайдзæн, уый тыххæй нæ. Туманæй уæлдай хъæздыгдæр кæнæ мæныкуы æрæвæрдтаккой, уæддæр сæм чысыл æхца нæ æрæмбырд уыдаид. Хъыгагæн, йæ цæхх æмæ кæрдзын уæй чи кæны, уыдон нырма фылдæр сты, æндæр Майрæмы хуызæн карзæй цæуыннæ рахæссынц сæ ныхас адæмы рæгъмæ, мæ куывды æхца æмбырд кæнын нæ хъæуы, зæгъгæ.

Махæй нуæй-ну хатт ферох вæййы: адæймаг мулчы фæдыл куы цæуа, уæд æй йæ кæрæфдзинад æгады

Ногиры Калинины номыл колхозы фосхæссæн комплексы фарсмæ арæзт æрцыд зынаргъ цæрмджын сырдты фермæ. Ис уал дзы 600 сырды. Арендæйæ сæм зилынц Уæлыгæсты æфсымæртæ Хазби æмæ Алан. Дыууæ-æртæ азмæ сбирæ уыдзысты æмæ сæ хæдзарад исдзæн дзæвгар пайдатæ.

КЪАМЫ: УÆЛЫГÆСТЫ æфсымæртæ Хазби æмæ Алан.
Къам сты КЪÆБЫСТЫ Х.

Нæй мæ чындзы хуызæн

Адæймаг куы амæлы, уæд дзырддзæугæ лæгтæ мæрдзыгой адæмы раз зæрдиаг арфæ ракæныц цотæн, чындзытæн, хорз лæггад ын кæй фæкодтой, уый тыххæй, кæд сын арфæйы бæсты уайдзæф фембæлы, уæддæр. Ис ахæм чындзытæ, æмæ йæ кадджын хæдзардарæг æфсины мæлæтмæ чи фæбæллы. Цæмæн? Цæй тыххæй? Уымæн æмæ фырт æгуыдзæг вæййы. Мады фыдæбæттæ ничи бафиддзæн, фæзæгъынц. Фæлæ уыцы хъуыдыйыл бирæ мадæлтæ разы не сты. Разы йыл нæу горæты цæрæг пенсинсæг Гайты-Тедеты Аннæ дæр.

Бирæ зындзинæдтæ федта йæ цæрæнбонты Аннæ. Æнустæм чи нæ дзæбæх кæны, ахæм ностæ бирæ нс йæ фæллад зæрдæйы. Æдзух дохтыры хостæй пайда кæны. Фæлæ ахæм адæймагæн æрмæст дохтыр нæу æххуысгæнæг. Аннæйæн йæхи загъдау; йæ чындзы Томæйы цæстуарзон лæггад, йæ уæздан ныхас, йæ бирæ хорздзинæдтæ, цыфæнды дохтырæй дæр хуыздæр æххуыс кæнынц. Рæст у уыцы хъуыды. Зæрдæрухс у Аннæ йæ кæстæртæй. Радзы амард йæ царды æмбал Гайты Тадноз. Чындзы бирæ лæггæдтæй уый ницыуал федта. Ныр мæнæ йæхæдæг хæдзары хистæр — уынаффæгæнæг. Æнæ уый бафæрсгæ ницавæр хъуыддаг бакæндзысты кæстæртæ йæ læппу Тамик æмæ йæ чындз Томæ. Цины, йе зианы тыххæй балæггад, тыхст сахаты адæймагæн феххуыс кæнынмæ цæттæ вæййынц кæддæриддæр.

— Мæ чындзы хуызæн никуы ис, — фæзæгъы Аннæ.

Æрмæст йе 'фсинæн нæу лæггадгæнæг, фæлæ се'ппæт хæстæджыты, хнуæттæн, йæ ходыгдтимæ хоты цард кæны. Нæ тну æмæ файнустимæ дæр афтæ.

Диссаджы удыхъæды хицау у Томæ. Æххæссы æппæт куыстытыл, æгъдæутыл. Раппæлинаг у йæ куысты дæр. Цыппар сывæллоны мад у, æмæ сæ æрмæст скъолайы бар нæ уадыз. Сахуыр сæ кодта иронау анвдзурын, фыссын, фæндыраг цæгъдын, кафын. Толик у фæзминаг фыд йæ цыппар сывæллонæн. Сæрæн, сабыр, куыстуарзаг — ахæм мининуджытыл сæ ахуыр кæны.

Арфейы аккаг у, йе 'чындзы мады уарзт чи кæны, уыцы фæлмæнтæдзураг æфсин Аннæ. Цæрæнбонты йæ бинонты раст фæндагыл хуыдта æмæ сæм абон цард миддыты уымæн худы.

ТЕДЕТЫ Лизæ.

Амонд мæлæтыл

Йæ рæдыдыл кæй басаст

Æрæджы газет «Рæстдзинад»-ы бакастæн диссаджы уацхъуыд. «Фæсмон кæнын», зæгъгæ. Кæдæй-уæдæй иу æфсин йæ аххосыл басаст. Ацы уацхъуыд бакæстæнæ æфсинтæй йæ чындзытимæ æвзæр чи цæры, æдзух йæ чындзы кой чи кæны, уыдон дæр кæд сæхиуыл æрхудинкой.

Хорз æфсин йæ цард уынгмæ никуы рахæсдзæн. Æфсин йæхæдæг хорз куы уа, уæд йæ чындзы дæр схорз кæндзæн. Фæлæ ахæм æфсинтæ зонын, йæ хæдзары хæринæ, сывæллоны фæлтау кæнын æмæ йæ хъæбулы зын фенын æмæ æгъдауджын кæнын æмæ йæ хъæбулы æмæ йæ хъæбулы æмæ йæ хъæбулы

Йæ рæдыдыл кæй басаст

Æрæджы газет «Рæстдзинад»-ы бакастæн диссаджы уацхъуыд. «Фæсмон кæнын», зæгъгæ, Кæдæй-уæдæй ну æфсин йæ аххосыл басаст. Ацы уацхъуыд бакæсгæйæ æфсинтæй йæ чындзытимæ æвзæр чи цæры, æдзух йæ чындзы кой чи кæны, уыдон дæр кæд сæхиуыл æрхудинкой.

Хорз æфсин йæ цард уынгмæ никуы рахæсдзæн. Æфсин йæхæдæг хорз куы уа, уæд йæ чындзы дæр схорз кæндзæн. Фæлæ ахæм æфсинтæ зонын. Йæ хæдзары хæринаг скæнын нæ зоны, сылгоймаджы ми кæнынмæ дæр нæ арæхсы, фæлæ йæм искæй сывæллон чызг куы 'рцæуы, уæд уымæй домы алцыдæр.

Алы æфсин дæр хъуамæ йæхимæ кæса, мæхæдæг цы уыдзæн æнон, куыдæй сдæн æфсин. Йæ сывæллоны пард хъуамæ мачи хала. Ныр фæсмон кæнгæйæ дæ цард æрвит, Абинæ. Уымæй хъыгагдæр ма цы уа, дæ фырт дын дæ цæстмæ дарæд, мæ цард мын фехæлдтай, зæгъгæ. Уый ма афтæ фæуæд, фæлæ уыцы сывæллæттæ куы схъомыл уой, уæд дæ цы хондзысты, сæ нана æви сæ цардхалæг? Ныр афтæ бакæн Абинæ, æмæ дæ сывæллонæн йæ цард сараз. Ис фыд æмæ мадæй сидзæр цы у, уыл нæ ахъуыды кодтай, фæлæ йæ бамбæрстай, дæ чызг дæ хæдзармæ æд сывæллон куы æрыздæхт, уæд. Æмæ куыд у, æхсызгон, æви маст! Ныр дæ цæрæнбон бирæ, æгайтма дæ рæдыдыл басастæ.

НОГЪАЙТЫ Фарнзæт.

Уый уыди фынддæс аазы размæ. Мызуры поселочы цæрæг Цæгæраты Агуыбейы фатеры дуар бахостой.

— Уазджытæ уæм, уазджытæ...

— Табуафси, мидæмæ, — дзуапп радта хæдзары хицау.

Æфсин Лизæ уазджытæн фынг æвæрдта, кæд сын Цæгæратæ се 'рбацыды сæр не 'мбæрстой, уæддæр.

— Нæ буц фысым Агуыбе, мах стæм, дæлæ раздæр Доцы поселок кæй хуыдтой, уырдыгæй, Юрий Захаровы минæвæрттæ. Тынг æй фæнды уемæ хæстæгдзинад бакæнын...

Бинонтæ кæрæдзи куы бамбæрстой, уæд лæппу æмæ чызгæн радтой фæндаг...

Юрий у хиуылхæцгæ, уæздан, фæллойуарзаг æмæ хæларзæрдæ адæймаг. Арæзтадон техникум каст куы фæци, уæд кусын райдыдта Садоны адыйы-цинчы комбинаты арæзтадон-монтажгæнæн управленийы. Ныртæккæ кусы Садоны шахтæты арæзтадон управленийы араздзыхты бригадирæй. Ныхас кæнæм управленийы хицау Абайты Владимирмæ:

— Владимир куыд кусæг у Юрий Захаров?

— Юрий? Уый æрмæст 'мбæлттæ фыццаг бæстыхæйтты къултæ амадтой, æххæст кодтой алыхуызон арæзтадон кусытæ. Фæстаг мæйты уыдон поселокты цæрджыты заманзæм гæстæ аразынц автогаражтæ æмæ æндæр бæстыхæйттæ.

Юрий-иу æм куысты фæстæ атагъд кодта.

Зæирæ дохтыры руаджы ферæзт. Рынчындонæй куы герыздæхти сæхимæ, уæд фатер æрыйæфта ана æфснайдæн, сывæллæты уæлæдарæс сыгъдæг. Сыхæгтæ йын раппæлыдысты Юрийæ.

— Ды амонджын дæ, Зæирæ, ахæм диссаджы хорз лæг қæмæн ис. Ды рынчындоны куы уыдтæ, уæд-иу уый кæд йæ куыстæй фæлладæй æрбацыди, уæддæр йæ дыстæ арф батылдта æмæ-иу хæдзары куыстыты аныгъуылди...

Ныртæккæ Зæирæ дзæбæх, æнæниз у. Буц у сæ бинонты амонджын цардæй. Сæ цот дæр сæхи хуызæн фæллойуарзагæй хъомыл кæнынц, сты ахуыры фæзминаг. Мызуры цæрджытæй бирæтæ хуымæтæджы нæ хæлæг кæнынц Захаровты бинонтæм.

СОЗÆТЫ Андрей,
Мызур.

Ирон сиахс

дæсны аразæг нæу, фæлæ ма у иттæг хорз организатор, æрыгон арæзджыты фæзминаг ахуыргæнæг. Управленийы разамонджытæ йыл йæ бæрны бакодтой арæзджыты бригад. Кæд дзы фондз адæймаджы йедтæмæ нæй, уæддæр ын æнтысгæ бирæ кæны. Йæ хæслæвæрд сæххæст кæны 120—140 процентæй.

— Æмæ уæддæр бригады уæнтæ цавæр арæзтадон кусытæ сæххæст кодтой?

— Захаров æмæ йе

— Æмæ куыд цæуынц сæ хъуыддæгтæ?

— Иттæг хорз. Хæстæгдæр бонты уыдон арæзт фæуыдзысты цыппæрдæс гаражы.

Юрий Захаров бирæ хæттыты райста Кады грамотæтæ, зæрдылдарæн лæвæрдтæ, хаст цыди комбинаты Кады фæйнæгмæ. Цалдæр мæйы размæ Захаровы æмкъай Зæирæ уæззау рынчын фæци. Хуыссыд Орджоникидзейы, фервæзын æнхъæл дæр ын ниччи уыди.

Амонд мæлæтыл фæуæлахиз

Цас уарзондзинад ис мадæй хъæбулы 'хсæн? Æрмæст мæ хъæбулæн æнцон уа, зæгъгæ, цас æнæхуыссæг æхсæвтæ арвиты мад! Хъæбул уæззау уавæры уæвгæйæ, мадæн йæ цард ад нал фæкæны, сæр сдзæгъæл вæййы. Афтæ йæ зæрдæйы катайæ ну сæрдыгон æхсæв нæ фынæй кодта Хабыцты Мерет дæр. Æвæццæгæн, æмæ мады зæрдæ зыдта, мæлæт ын йæ хъæбул Тамерланмæ йæ цыргъ цæвæг кæй бадардта, уый. Фæлæ мæлæтæй тыхджындæр амонд у, æмæ фервæзт лæппу. О, алы хатт дæр-ну афтæ куы уанд бæргæ, уæд мæ мад стыр горæтæй Нартыхъæуы уæлмæрдмæ фæндаг не сндтанд. Уæд йæ дыууæ хъæбулы ну нигæны нæ бавæрдтанд.

Цæвиттон, Хабыцты Тамерлан йе 'мбалы Миноводы аэропортмæ ныхæццæ кодта йæ ног «Жигули»-йыл. Фæстæмæ куы сцæйцыд, уæд æй Пятигорскы ну машинæ сцавта. Машинæ бынтон ныппырх. Тамерлан зæрдæдаргæ нал уыд. Раст уыцы рæстæг йæ разы февзæрдысты йæ нрвæзынгæнджытæ: Балоты Сослан æмæ Хъæлыцты Виталий. Рахызтысты сæ машинæтæй. Кæсынц, æмæ нæхи ирыстойнаг номыртæ. Машинæмæ бавналæн нæ уыд фырцырхæй, дуæрттæ ратыдтой æмæ куыддæртæй райстой лæппуйы. Кæд зæрдæдаргæ нæ уыд, уæддæр æй сæмбæлын кодтой Пятигорскы рынчындоныл. Зыдтой, сæ хæдзæртты сæ бинонты зæрдæ æхсайдзæн, уый, фæлæ уæддæр дыккаг бонмæ баззадысты йæ разы. Дзургæ нæ кодта рынчын, йæ дзыппы йæ гæххæттытæм гæстæ базыдтой, кæй у Алагиры цæрæг. Афтæ зæгъæн нс, æмæ Хъæлыцты Виталий æмæ Балоты Сослæны æххуысæй Пятигорскы дохтыртæ фервæзын кодтой мæлæтæй Мерет æмæ Харитоны хъæбулы.

Кæд Тамерлан нырма дыууæ лæдзæгмæ цæуы, уæддæр ын æрæджы скодтой куывд. Сæ цины куывдмæ æрбахуыдтой сæ ирвæзынгæнджыты — дигорайаг лæппутæ Балоты Сослан æмæ Хъæлыцты Виталийы. Цины цæссыгтæ згъордтой мад æмæ ирвæзынгæнджыты уадултыл.

Сослан æмæ Виталий сæхæст кодтой са хæс, равдыстой фæлмæнзæрдæдзинад. Уый, æнæмæнг, хъæуы нæ царды, адæмыхатт нæ иртасгæйæ. Фæлæ, цымæ, Тамерланы чи сразæнгард кодта, алас мæ Миноводмæ, зæгъгæ, уый афонмæ дæр нæ ныххæццæ уыданд? Цæмæн хъæуы нскæмæн дæхи ласын кæнын, кæд æмæ автобустæ, такситæ бирæ нс. Хорз æмæ фервæзт, æндæр кæйдæр æнахъом чызг Ритæ йæ дыууæ чысыл лæппынмæ мæгуырæй нæ зад? Æмæ цæй тыххæй? Æмгары тыххæй? Нæ, хорз æмгар хъуамæ аудгæ кæна не 'мгарыл. Æрмæст мæнæн æнцон уа, зæгъгæ, ма хъуыды кæна. Бузныг, хорз æмгæрттæн — Виталий æмæ Сосланæн!

БИБУАТЫ Феруся.

АФТÆ ÆМБÆЛЫ ФАЙНУСТЫТÆН

Æз, Годжыцаты чызг, сидзæрæй схъомыл дæн. Ссардтон мæ амонд, сдæн æртæ, сывæллоны мад. Æмæ та мæ сабитæн дæр сидзæргæсæй баззадтæн. Хъуыды кодтон, куыд сæ хæсдзынæн, куыд рауайдзæн мæ фыдæбон. Фæлæ хуыцауæй разы, мæ лæппутæ бахъомыл сты мæхи фæндиаг. Вячеслав, Валерий æмæ мын Владимир царды сæ бынат ссардтой, сты мын ныр сæхæдæг хицæн бинонтæ. Раст куы зæгъон, уæд тæрсгæ тынг кодтон, зæгъын сæ амонд куы ссарой, уæд мæн афтæ буц куынæуал дарой, файнустытæ куы нæ бафидауой. Фæлæ, куыд фæзæгъынц, табу хуыцауæн.

Абон тынг бузныг дæн мæ æртæ чындзæй. Цæрæм нумæ. Æртæ файнусты сты хоты хуызæн. Æмæ сын æмбæлгæ дæр афтæ кæны. Хистæр чындз у Гегкиты Таймуразы чызг Зарæ. Ис ын дыууæ хъæбулы. Астæукаг — Сæлбиты Русланы чызг Замирæ, уымæн дæр дыууæ сывæллоны, кæстæр чындз — мæхи хуызæн сидзæр. Багаты Павелы чызг Тамарæ, ис ын æртæ сывæллоны. Мæ чындзытæй тынг арфæйаг дæн, уæлдайдæр та се 'схъомылгæнджытæй. Мады уарзтæй мæ уарзынц, аргъ мын кæнынц, буц мæ дарынц.

Бузныг дæн мæ фырттæй дæр, бинонты æнгомдзинад, уарзондзинад афтæ чи хъахъхъæны.

СЛАНТЫ Ленæ,
Октябрыхъæу.

Сагты фермæ

Дыгуры районы Легейдойы номыл колхозы разамонджытæ æмæ специалисттæ нудадзыгдæр уæлæмхасæн мадзæлттæ аразынц, хæдзарады экономикæ тыхджындæр цæмæй кæна, уымæн. Ам цалдæр азы размæ кусын райдыдта консервгæнæн цех. Ныр та колхозы разамынд колхозонтимæ баныхас кодта сагты фермæ саразын. Æмæ йæ æххæст дæр кæнынц. Кæсæг-Балхъары уал балхæдтой 200 саджы. Хæстæгдæр азты сæ зæрды нс уыдоны минмæ схæццæ кæнын. Уæд сагты сыкъатæй кæнгæ хос «пантокрин» уæй кæндзысты валютæйыл. Легейдойæгтæ сæ дзырдæн ацы хатт дæр хъуамæ хицау разыной. Ныртæккæ уал сагты дзугмæ хæдзардзинæй зынынц колхозонтæ Малик Сергей, Бараев Александр, Шляхов Алексей æмæ Белик Федор.

ГУЫРДЗЫБЕТЫ Барис.

ДЫККАГ МАД

Сæууон хуры тынтæ райдыдтой сæхи ивазын бæрзонд хохы цъуппытæй зæхмæ. Райхъал сты мæргътæ. Адæм байдыдтой райсомы зилæнтæ хæдзæртты. Тыццыл сабиты нырма фæнды сæ хъарм хуыссæнты афынæй кæнын, сæхи нывæстой фæлмæн базты хъæбыстæм, фæлæ нæй гæнæн — ныййарджыты цæуын хъæуы куыстмæ.

Уыцы рæстæг сывæллæтты цæхæрадоны хъомылгæнæг Гаппуаты Феня йæ къухтæ фæйнæрдæм акæны, хъæлдзæгæй йæ адджын хъæбыс бадары æмæ рæвдауæг хъæлæсæй йæхимæ хоны, фыццагдæр æм чи æрбахæццæ вæййы, уыцы сабиты. Фæлæ кæм, нырма дзурын чи нæма зоны, уыцы сывæллон мадæй ратонын нæ комы, фидар нытты хст йæ дæллагхъуырыл. Сабийы кæуынæй зæрдæ риссы, ныййарæг мады зæрдæ æрхæндæг фесты. Феня сывæллонæн зæрдæтæ æвæры, йæ хъарм хъæбысы йæ æрбакæны, æдджын ныхæстæй йæ æфсады. Уый дæр исдугмæ уайтагъд мады æрбайрох кæны æмæ Фенямæ йæ хъоппæг цæстытæй скæсы.

Рæвдауæн ныхæстæ хуры тынау батавынц сывæллоны, уый райдайы хъазын, худын. Фæлæ уыцы рæстæг мад йæ куысты уæлхъус сагъæс кæны, куыд уыдзæн йæ саби афтæмæй, хъустыл уайы йæ зæрдæхалæн цъæхахст, цæстыты раз лæууы, уый йæ гыццыл къухтæ куыд ивазы мадмæ. Нæ зоны мад, саби кæй бахауд дыккаг ныййарæджы къухтæм æмæ кæй у зæрдæйæ рæвдыд.

Феня кусы ныр 23 азы

Хуымæллæджы сывæллæтты цæхæрадоны, æрыгонæй æрбацыд ардæм. Тынг бирæ бауарзта сабиты, йæхæдæг дæр мад у, зоны сывæллæтты рæвдауын.

Къорд фæлтæртæ ацыд Фенайы къухтæй. Сабитæн уый уарзын кæны Райгуырæн бæстæ, фæллой, æвæры сæ царды раст фæндагыл. Дæсны кусæг у. Бирæ адæм нæ зонынц, куыд зын у хъомыладон куыст, уæлдайдæр та нырма дзурын чи нæма фæзоны, уыцы сабитимæ. Фæлæ Феня ахæм зындзинæдтæй нæ тæрсы, уайтагъд саби фæцалх вæййы, чи хъæуы, уыцы дзырдтæ дзурыныл.

Нæ зæрдæ дын зæгъы, Феня, цæмæй кусай бирæ азты æнæниздæй сабитимæ æмæ сæ аразай раст фæндагыл.

ЦÆЛОИТЫ Еврик.

ХЪÆУБÆСТЫ УАРЗОН

Ногиры цæрджытæй Цхуырбаты Феодосийы чи нæ зоны, ахæм нæй. Зонгæ та йæ кæнынц фæллойуарзаг æмæ хæларзæрдæйæ. Кæд ын цард бирæ зындзинæдтæ æвæрдта йæ размæ, уæддæр сæ нæ фæтарст. Куыд загътам, афтæмæй кусын уарзы æмæ æдзухдæр æнцонæй уæлахиз кæны алы хъуыддагыл дæр.

Рагæй дæр Цхуырбаты Феодося уæлдай фылдæр æргом здахы кæстæрты хъомылæдмæ. Царды фæндагмæ рахуыдта дыууæ лæппуйы æмæ дыууæ чызджы. Хистæр хъæбул Руслан каст фæци политехникон институт. Валерий у шофыр, алы рæтты кусынц Фатимæ æмæ Светланæ дæр.

Кæй зæгъын æй хъæуы, ныртæккæ кæстæртæм зæрдæ нал æхсайы. Раздæр та сыл куыннæ хъуамæ тыхстаид. Иæ мой куы фæзиан, уæд Феодося баззад дыппар æнæхъом сабинмæ æрдæгконд хæдзары. Фæлæ зындзинæдтæн сæттын нæ бакуымдта. Адæмы ныфс æмæ йæ хъаруйы руаджы бинонты царды рæсугъд сараста.

Ныртæккæ Цхуырбаты Феодося у Ногиры Калинины номыл колхозы кæрдзынгæнæг. Йæ къухтæй цы хойраг рацæуы, уый вæййы хæразад. Ærвылбон дæр хъæу æмæ горæты цæрджытæн колхозон дзул уæйгонд цæуы тоннæйы бæрц. Ам нс йе 'мкусæг æмбæлттæ: Хуыбаты Этерийы, Тыджыты Танрæйы, Жажиты Раяйы, Хуыбецты Симæйы, Бекъойты Ленæ æмæ Битеты Азæйы фæллой дæр.

Уæвгæ Цхуырбаты Феодося канд хорз кусæг нæу, фæлæ ма йæ алыварс цæрджытæн дæр у зондамонæг хистæр. Бинонтæ хæлар æмæ уарзонæй цæрынц Санахъотимæ, Куыдзнатимæ, Хъоротимæ, Зæгъойтæ æмæ Битетимæ.

Иу ныхасæй, Цхуырбаты Феодося у хъæбæсты уарзон. Аргъ ын кæнынц зæрондæй-ногæй.

КОЗАТЫ Феня.
Ногир.

КИНОФЕСТИВАЛЬ КАЛИНИНЫ

Кинойы артисты Æппæтцæдисон дыккаг фестиваль «Созвездие-90» цыдис горæт Калинины æмæ ссис æцæг бæрæгбоны хуызæн. Горæты цæрджытæ базонгæ сты зынгæ киноартисттимæ, стæй уыцы куысты фыццаг къахдзæфтæ чи кæны, уыдонимæ дæр. Конкурсмæ цы кинонывтæ æрластой, уыдонæн сæ фылдæримæ базонгæ сты Калинины аивадуарзджытæ.

Фестивалы сæрмагонд призтæ райстой Еленæ Яковлева, Владимир Гостюхин, Лев Борисов æмæ иннæтæ.

КЪАМЫ: ленинградаг кинокритик А. ПАВЛОВА æмæ гуырдзиаг артист Б. ЦУЛАДЗЕ фестивалы рæстæг.

СЦТА-йы фотохроникæ.

Хетæг цы диныл хæст уыд?

Газет «Рæстдзинад» 21.11.1989 азы ныммыхуыр кодта Цгъойты Хазбийы æрмæг «Хетæг Ирыстонмæ цæмæн лыгъд», зæгъгæ. Ацы ран Хазби Хетæджы ирон кæй хоны, уый раст у. Фæлæ афтæ кæй зæгъы «Хетæг чырыстон дин кæй райста», уый маем тынг гуырысхойаг фæкасти. Мæнмæ гæсгæ ацы ныхæстæ афтæ æмбаргæ сты, цыма Хетæг раздæр уыд æндæр диныл хæст æмæ уый фæстæ райста чырыстон дин. Уымæ гæсгæ ралыгъд Ирыстонмæ.

Тæтæр-манголмæ сæхи цы ирон паддзæхтæ æмæ æлдæрттæ радтой, уыдон сын се 'взаг æмæ сæ дин дæр райстой æмæ сын лæвæрд æрцыд мангойлаг иæмттæ, Ахæмты номхыгъд ис В. А. Кузнецовы куысты («Алания в X—XIII вв.» 42 фарс).

Хетæг йæ динимæ йæ ном цæуынæ аивта, цæуылнæ райста тæтæйрæ кæнæ кæсгон ном? 1965-æм азы Мæскуыйы рауагъдад «Советская Энциклопедия» мыхуыры рауагъта «Справочник личных имен народов РСФСР». Уыцы ран ном «Хетæг» амынд цæуы æрмæстдæр ирон иæмттимæ. Уæды заман та алы наци дæр æвæрдта æрмæстдæр йæхи национ иæмттæ æмæ уымæй дæр бæрæг у. Хетæг ирон дæг кæй уыди, уый.

Куыд зонæм, афтæмæй адыгейаг æлдæрттæ сæхи хуызтой Иналы цот. Кæсæджы æлдæрттæ «Биаслантæ» та сæхи хуызтой Иналы фырт Биасланы цотæй. Цæмæн? Уымæн æмæ Инал æлдариуæг нодта абон Адыгæ кæм цæрынц, уыцы ран: Нæ фырт Биаслан та Иналы фæстæ æрцард цыры Кæсæджы бынаты. Кæд хъуамæ уыдаид уый?

1395-æм азы Тамерлан «Золотой Орды»-йы хан Тохтамышы куы нымыхуыр кодта, уæд фæстæмæ цæугойæ йæ фæндыл ракодта иыгуылæйнаг Аланты паддзах Бураканийыл æмæ йæ ныддæрæн кодта. Уый нæ зæрдыл бадарæм æмæ æркæсæм Уанеты Захары монографимæ «Средневековая Алания» (Сталинир. 1959 г. стр. 146, «...в эпоху родоначальника кабардинского князя Инала по преданию княжил до 1424 г.). Инал был женат на дочери осетинского князя Аша, который участвовал вместе с другим князем Шоша в походах Инала. Другой осетинский князь Осдемир враждовал с Иналом, был побежден им и бежал в Абхазию».

Бурибердийы амæлæтæй Иналы æмалæтмæ рацыд æрмæстдæр 29 азы. Уымæ зæгъын хъæуы. Буриберди зæрондæй хæстмæ кæй нæ рацыдаид, уый дæр. Уæдæ æлдариуæг дæр кодтой иу ран. Уый хъуамæ уыдаид, ныртæккæ «Нижный Архиз»-ы цы стыр алайнаг сахары хæлддзаг ис, уым. Уы дæттæм гæсгæ банхъæлæн ис Инал Бурибердийы фырт кæй уыдаид, Хетæг та йæ фырты-фырт, уый. Ацы бæстæйы тыххæй В. А. Кузнецов фыссы афтæ уæлдæр амынд куыст, 11-æм фарс): «...в отдельные периоды значительным изменениям подвергалась западная граница Алании, отделявшая ее от соседнего мощного массива адыгских племен. Маловероятно проводить ее по Малому или Большому Зеленчуку, где находился один из крупнейших аланских центров. С учетом этого западную границу Алании следует отодвинуть до рек Уруп или Лаба, если не далее (напомню, что река Фарс носит ясное иранское название). В венецианском варианте «Армянской географии» 7-го века Северо-Западный Кавказ также занят аланами». «Фарс» æцæгæйдæр ирон ном у. «Фарсдон», ома. Фæрсагдон.

Тамерлан æмæ Буриберийы хæсты рæстæг, цы бæстæйы кой кæнæм уым цардысты, алантæ сæ хонæм æви астæ, дыгуры фыдæлтæ. Уыдысты чырыстон. Кубаны рахиз фарс цы дыгуræттæ цардысты, уыдон та уæды заман дæр æмхæццæ кæныи райдыдтой ныры Асы-Балхъар æмæ Хъæрæсейы фыдæлтимæ, кæцыты чи черкестæ хоны, чи булгартæ. Тамерлан фыццаг ныппырх кодта балхъартыхъæрæсейæгты, уый фæстæ та — дыгуры фыдæлты. Хæст цыди чырыстон æмæ пысылмон динхæццæйты æхсæн. Пысылмæтты уæлахизы фæстæ ацы бынæтты пысылмон дин уæлахиз кæныи райдыдта, фæлæ ирон-дыгурон æлдæрттæн сæ 'ппæты зæрдæмæ нæ фæцыд уыцы хъуыддаг, сæ 'ппæт нæ разы кодтой сæ дин бавныыл. Уæдæ ма, ахæм стыр бæллæхы фæстæ ку ирон æлдар иннæ ирон æлдармæ йæ къух цæй тыххæй хъуамæ систаид?

Осдемир (Астемыр) пысылмон дин кæй нæ райстæ, уый уымæй бæрæг у, æмæ састы бынаты куы баззад, уæд йæ адæмы байзæддæгтимæ йæхи айста чырыстон динæгтæ абхазтæм. Уыдон баиу сты абхазæгтимæ, бафтыдысты абхазаг нацийыл. Абон дæр ма абхазæгтæ ирæтты сæ 'фсымæртæ дзæгъæлы нæ хоныиц. Хетæг, йæ æфсымæртæй уæлдай сфæнд кодта, уый бæрц туг кæй сæрыл ныккалд æмæ йæ номдзыд фыды-фыд кæй сæрапподнд фæмард, уыцы чырыстон дин никуы аивын. Гъе уый тыххæй алыгъд сæхицæй дæр.

Уыцы заман Хъырымы хицауиуæг кодтой Мамайы байзæддæгтæ, фæлæ византийæгтæ дæр Хъырымыл сæ къух быитон нæма ауыгъта. Былгæрæтты иуæй-иу фидæртты баззадысты чырыстон моладзантæ. Уыцы моладзантæ æрмæст хуыцаумæ кувыны куыст нæ кодтой. Уыдон дардтой тыхджын дружинæтæ æмæ сæ аххуыр кодтой хæстон дæсныйадыл. Уыди сæм наутæ, сæудæджергæнджытæ æмæ базар кодтой тæтæримæ. Уыцы базарад тæтæрæн дæр уыд тынг ахсджиаг, æмæ сæ тæтæр уымæ гæсгæ нæ хъыгдардтой. Хетæг дæр бахауд иу ахæм моладзандонмæ.

Хетæг, æвзыгъд лæппу, уайтагъд фæцалх ис каид чингуытыл нæ, фæлæ æфсæддон дæсныйадыл дæр æмæ, чи зоны, хъуамæ уым дæр баззадаид. Фæлæ тæтæр Кавказмæ ныббырсинаг сты, уый куы базыдтой, уæд сфæнд кодтой хабар кавказæгтæн фехъусын кæныи. Хъырымы тæтæры æнтыст византийæгтæн пайда нæ уыд. Хетæгæй хуыздæр уыдис ахсджиаг хæс ничи сæххæст кодтаид æмæ уæд уый дæр фæстæмæ йæ райгуырæн хæдзармæ æрбаздæхт. Ахæм ахсджиаг хабары фæрцы Хетæгæн йæ «фыдуагдзинæдтæ» иууылдæр ныббарстой æмæ сæхи хæсты æ цæттæ кæныи райдыдтой. Инал уыцы бæрæг æмгъуыдмæ æрцæттæ кодта, ираей-кæсæгæй, дзæвгар æфсад æмæ фæуæлахиз тæтæрыл. Хетæг æмæ йе 'фсымæрты æхсæн быцæудзинад райдыдта уый фæстæ.

Иналы удæгасæй уыцы быцæудзинад дардмæ нæ райхъуыстаид. Уый амарды фæстæ пысылмон Биаслан æмæ Аслæнбег Хетæгмæ ныууырдыг сты, дæ чырыстон дин ныууада æмæ пысылмон дин райс, науæд нæ худинаг кæныс, зæгъгæ. Ахуыргонд Хетæг уæдмæ зыдта Ирыстонæй ма цы баззад æмæ кæм и, уый дæр æмæ Ирмæ ралыгъди.

Уæдæ афтæ: Хетæг уыд Ирыстоны историйы зынгæдæр архайджытæй иу. Уый иузæрдион уыди йе 'взагыл, йæ адæмыл, йæ диныл æмæ сыл гадзрахатæй нæ рацыд.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы Гуырдзыстоны Республикæйы Историон-археологион институты археологийы сектормæ гæсгæ научи Ирæзгуыр Ахсарбек.

«НÆХИОН ДЗЫ ЧИ У?»

Спортуарзджытæн тынг æхсызгон вæййы нæ бæстæйы алы горæттæй зындгонд богæлттæ куы æрæмбырд вæййынц, уæд. Фылдæр хатт ахæм бæрнон ерыстæ фæцæуынц Спорты галуан «Манеж»-ы. Æмæ мæ ныхасы сæр дæр уый тыххæй у. Ахæм Спорты галуантæ бирæ не сты нæ бæстæйы. Райдзаст æмæ анв у куыд мидæгæй, афтæ æддейæ дæр. Зæрдæ рухс кæны йæ уæрæх фæзуатæй, у спортсменты куырдзы. Фæлæ йæм цымæ æппæт спортуарзджытæ дæр иухуызон зæрдæ дарынц. Хъыгагæн, нæ. Спортуарзджытæй бирæтæм нæй хуымæтæджы культурæ. Зæгъæм, исты бæрнон ерыстæ нæм куы вæййы, уæд æнæхъола хъæр райдайынц: «Махон дзы чи у»! Фехсынынц æхсынæнтæ, бандæттыл срог вæййынц дæлæмæ-уæлæмæ. Иуæй-нутæ та семæ æрбахæссынц карз нозт дæр. Уæлдайдæр та сæны æмæ бæгæныйы æвгтæ. Æмæ сæ фæнуазынц ерысты рæстæг. Ацы аз нæм уыдзæн бирæ бæрнон ерыстæ. Æмæ мæн, куыд спортыл иузæрдион, фæнды, цæмæй нæ спортивон залты уа фæтк æмæ æгъдау. Хулиган митæ чи кæна, уый та хъуамæ цæуа æфхæрд закъонмæ гæсгæ.

ТАНДЕЛАТЫ Аким,
фæллойы ветеран.

ÆРТЫККАГ БЫНАТ

Горæт Орджоникидзейы ДОСААФ-ы спортивон тиры ахицæн топпæй æхсынæй Советон Цæдисы Хъæбатыр Тогызты Хъауырбеджы номыл турнир. Архайдтой дзы Уæрæсейы Федерацийы, Казахстаны æмæ Астæуккаг Азийы авд спортивон организацитæй 86 рæстдзæвины. Ерысты фæуæлахиз горæт Чекменты спортсменты командæ, дыккаг бынатмæ рацыд Ростовы командæ æмæ æртыккаг бынат та бацис горæт Орджоникидзейы сывæллæтты 5-æм спортивон скъолайы рæстдзæвиныты командæйы.

Хицæн спортсменты ерысы Цæгат Ирыстоны минæвæрттæй дыккаг бынæттæ бацахстой Сашæ Саржисянц æмæ Олег Карпенко, Мишæ Козлов, Аня Остафева æмæ Еленæ Синицина та рацыдысты æртыккаг призон бынæттæм.

МÆЗДÆГГÆГТЫ УÆЛАХИЗ

Зынгхуыссынгæнджыты æрвылазон спартакиадæйы хыгъдмæ æрæджы Республикæйы шахмæтты клубы ахицæн сты ерыстæ шахмæттæй. Архайдтой дзы дæс командæйы минæвæрттæ. Тыхджындæр разынд Мæздæджы командæ. Дыккаг æмæ æртыккаг бынæттæм рацыдысты Камбилеевкæйы æмæ куыстадон иу гонд «Хъазыбеджы» командæтæ.

Хицæн спортсменты ерысты фæуæлахиз мæздæггаг Николай Иванов. Дыккаг бынат бацахста Николайы æмзæххон Анатолий Киба æмæ æртыккаг та Бететы Валерий.

Мæздæджы командæйæн лæвæрд æрцыд фыццаг къæпхæны диплом æмæ зæрдылдарæн лæвар. Диплом райста Николай Иванов дæр.

ТЫХДЖЫНДÆРТÆ

Днепродзержинскы ахицæн ССР Цæдисы чемпионат уæззау атлетикæйæ фæсивæд ды 'хсæн (16 азы онг). Архайдтой дзы 190 æрыгон спортсмены 14 цæдисон республикæйæ, горæттæ Мæскуы æмæ Ленинградæй, стæй Цæгат Ирыстоны АССР-йы иугонд командæ.

Нæ командæйы уæнгтæй хуыздæр бæрæггæнæнтæ равдыстой спорты мастертæм кандидаттæ Дойаты Олег (82,5 кг. онг, бацахста фыццаг быиат), спорты мастертæм кандидаттæ Тогойты Хъазыбег (48 кг. онг), Вячеслав Шариков (56 кг. онг) æмæ фыццагкъæпхæнон Дзидзойты Георгий (90 кг. уæлæмæ). Ацы спортсментæ се 'муæзонты 'хсæн бацахстой фæндзæм бынæттæ.

Тагъд уæззау атлетикæйæ фæсивæдæн уыдзæн дунейы фыццаг чемпионат. Уым архайыны тыххæй Дойаты Оледжы бæкодтой ССР Цæдисы иугонд командæмæ.

Г. ВАСИЛЬЧЕНКО.

АРФÆЙЫ АККАГ

хæдзарыл сæмбæлд ног цындзинад. Валерий кæм службæ кæны, уыцы æфсæддон хайы командиртæ П. А. Грачев æмæ С. Ю. Лавриней Валерийы ныйнарджытæм сæрыстой арфæйы писмо.

— Зынаргъ Андрей æмæ Светланæ! — фыссынц уыдон, — мах уын стыр æхсызгонæй хъусын кæнæм, уæ

Театры артисттæн— семинар

Ацы бонты горæт Орджоникидзейы уырыссаг драмон театры цæуы театралон пластикæйы æмæ эстетикæйы нудадзыгон семинар. Разамынд ын дæтты мæскуыйаг профессор Александр Немировский. Семинары сæйраг нысан у актерты сценикон дæсныйад фæбæрзонддæр кæныи. Иæ архайджытæ сты республикæйы театрты артисттæ.

Æвдисдзысты сæ кинонывтæ

Фарон фæззæджы «Киноцентр»-ы Цæгат Кавказы хайад горæт Орджоникидзейы сарæзта Франци революцийы тыххæй кинонывты фестиваль. Уый тынг фæцыд киномæкæсджыты зæрдæмæ.

Ацы азы январы та нæ горæты уыдис италийаг кинонывты фестиваль. Æмæ ма иу æхсызгон хабар: сæрды, 1 июнæй 8-æм июнмæ, нæ республикæйы цæрджытæ фендзысты американаг документон кинонывтæ. Цæгат Кавказмæ æрбацæудзæн американаг режиссерты делегаци — 17 адæймагæй. Сæ документон кинонывтæ ма æвдыст æрцæудзысты Махачкалайы, Налщыкмы, Кисловодскы, Пятигорскы.

Нæ уацхæссæг.

Редактор
ХЪЕСАТЫ В.

ФÆСТАУÆРЦДЖЫН УÆВЫН ХЪÆУЫ

Иу киловатт-сахат электрон тых. Афтæ зыны, цыма уый ницы у. Фæлæ горæт Орджоникидзейы, Хуссайраг, Терк, Бæлта, Дæллаг æмæ Уæллаг Редантты, Ларс æмæ Заводы поселокты цæрæг бинонтæй алчидæр суткæйы дæргъы иунæг киловатт-сахат куы сфæстауæрц кæнид, уæд уый уаид 74800 киловатт-сахаты, 2444 сомы аргъ. Цымæ ахæм хабæрттæ нæ зæрдыл арæх фæлæууынц? Арæх вæййы нæ хъуыдыйы уый, æмæ суанг æппæты хæрзчысыл хæрдзтæ дæр нæ бæстæйæн æмткæй райсгæйæ æмæ махæй алкæмæн дæр стыр зиан кæй хæссынц?

ХЪыгагæн, электрон тых фæстауæрц кæныны хъуыддаг нывыл æвæрд нæу промышленнон куыстуæтты, арæзтадон организацийты, кусæндæтты, ведомствоты хæдзæрттыæмæ адæмон хæдзарады æндæр объекттыл. Горæты электрон тыхдæттæнты абоненттæ электрон тыхæй дзæгъæлы бирæ кæй сафынц, уый тыхæй æрхæссæн ис дæсгай дæнцæгтæ.

Горæты электрон тыхдæттæнты разамынд иу æмæ дыууæ хатты не 'рлæууын кодта куыстуæтты, организацитæ æмæ кооперативты разамонджыты, горæты цæрджыты зæрдыл, цæмæй афоныл фидой электрон тыхы хæрдзты тыххæй. Фæлæ иуæй-иу разамонджытæ, сæйраг бухгалтертæ æмæ хи хæдзæрттыцæрджытæм, стæй хæдзæрттыуправленийы абоненттæм ницы хъары. Афтæмæй электрон тыхы хæстæ мæйæ-мæймæ кæныиц фылдæр. Æрмæст промышленнон куыстуæтты æмæ кооперативты хæстæ 1990 азы 1-æм мартъимæ схызтысты 645 мин соммæ, горæты цæрджыты хæстæ та сты 72 мин сомы.

Хæсджыты номхыгъды сты 2-æм, 3-æм, 9-æм, 10-æм, 11-æм, 12-æм, 13-æм æмæ14-æм пæрæнуæтты эксплуатацион управленитæ (ЖЭУ), культурæ æмæ фæлладуадзæн парк, горæххæсткомы сæрмагонд автохæдзарад, цæрмтты завод, Орджоникидзейы фыццаг æмæ дыккаг цæугæ механизацигонд колоннæтæ (ОПМК-1, ОПМК-2) æмæ Агромпромарæзтады 5-æм цæугæ механизацигонд колоннæ, Промышленнон æмæ Советон районты цалцæггæнæн—арæзтадон управленитæ, Цæгат Кавказы æфсæнвæндадзы хæдзæрттыы 18-æм æмæ трест «Цæгиргрaждanарæзтад»-ы хæдзæрттыуправленитæ æмæ ацы номхыгъд, хъыгагæн, ис адаргъдæр кæнæн.

Бамæстджын уæвыны бæсты ус 'ппæтæй дæр куræм, цæмæй бафидат, уæ хæстæ.

Зындгонд куыд, у, афтæмæй æрдзон хæзнатæ æгæрон не сты. Уымæ гæсгæ сæ пайда кæ

хуыры рауагъта «Справочник личных имен народов РСФСР». Уыцы ран ном «Хетæг» амынд цæуы æрмæстдæр ирон нæмттимæ. Уæды заман та алы наци дæр æвæрдта æрмæстдæр йæхи национ нæмттæ æмæ уымæй дæр бæрæг у. Хетæг ирон лæг кæй уыди, уый.

Куыд зонæм, афтæмæй адыгейаг æлдæрттæ сæхи хуыдтой Иналы цот. Кæсæджы æлдæрттæ «Биаслантæ» *та сæхи хуыдтой Иналы фырт Биасланы цотæй. Цæмæн?* Уымæн æмæ Инал æлдаригуæт кодта абон Адыгæ кæм цæрынц, уыцы ран: Нæ фырт Биаслан та Иналы фæстæ æрцард ныры Кæсæджы бынаты. Кæд хъуамæ уыдаид уый?

1395-æм азы Тамерлан «Золотой Орда»-йы хан Тохтамышы куы ныппырх кодта, уæд фæстæмæ цæугæйæ йæ фæндаг ракодта ныгуылæйнаг Аланты паддзах Бурибердийы хæсты рæстæг, цы фырты-фырт, уый. Ацы бæстæйы тыххæй В. А. Кузнецов фиссы афтæ уæлдæр амынд куыст, 11-æм фарс): «...в отдельные периоды значительным изменениям подвергалась западная граница Алании, отделявшая ее от соседнего мощного массива адыгских племен. Маловероятно проводить ее по Малому или Большому Зеленчуку, где находился один из крупнейших аланских центров. С учетом этого западную границу Алании следует отодвинуть до рек Уруп или Лаба, если не далее (напомню, что река Фарс носит ясное иранское название). В венецианском варианте «Армянской географии» 7-го века Северо-Западный Кавказ также занят аланами». «Фарс» æцæгæйдæр ирон ном у. «Фарсдон», ома, Фæрсагдон.

Тамерлан æмæ Бурибердийы хæсты рæстæг, цы хъæбатырдзинадтимæ йæхи айста чырыстон дингуæтæг абхастæм. Уыдон дингуæтæг абхастæм. Уыдон бану сты абхазæгтимæ, бафтыдысты абхазаг нацийыл. Абон дæр ма абхазæгтæ ирæтты се 'фсымæртæ дзæгъæлы нæ хоныц. Хетæг, йæ æфсымæртæй уæлдай сфæнд кодта, уый бæрц туг кæй сæрыл ныккалд æмæ йæ номдзыд фыды-фыд кæй сæраппоид фæмард, уыцы чырыстон дин никуы анывц. Гъе уый тыххæй алыгъд сæхицæй дæр.

Уыцы заман Хъырымы хицаунуæг кодтой Мамайы байзæддæгтæ, фæлæ византийæгтæ дæр Хъырымыл сæ къух бынтон нæма ауыгъстой. Былгæрæтты нуæй-ну фидæртты баззадысты чырыстон моладзантæ. Уыцы моладзантæ æрмæст хуыцаумæ кувыны куыст нæ кодтой. Уыдон дардтой тых-

Иналы удæгасæй уыцы быцæудзинад дардмæ нæ райхъуыстаид. Уый амарды фæстæ пысылмон Биаслан æмæ Аслæнбег Хетæгмæ ныууырдыг сты, дæ чырыстон дин ныууадз æмæ пысылмон дин райс, науæд нæ худинаг кæныс, зæгъгæ. Ахуыргонд Хетæг уæдмæ зыдта Ирыстонæй мацы баззад æмæ кæм и, уый дæр æмæ Ирмæ ралыгъди.

Уæдæ афтæ: Хетæг уыд Ирыстоны историйы зынгæдæр архайдыстæй иу. Уый нузæрдион уыди йе 'взагыл. йæ адæмыл, йæ диныл æмæ сыл гадзрахатæй нæ рацыд.

ЦÆГÆРАТЫ Григорий.

Нæ нывгæнджыты уацмыстæ Канадæйы

Канадæйы горæт Торонтойы байгом советон нывгæнджыты уацмысты равдыст. УСФСР-йы нывгæнджытæй дзы æрмæстдæр архайынц не 'мзæххонтæ, ирон аивады дæснытæ, УСФСР-йы сгуыхт нывгæнæг Бедойты Шалва æмæ Цæгат Ирыстоны АССР-йы сгуыхт нывгæнæг. Станиславскийы номыл УСФСР-йы премийы лауреат Челæхсаты Магрез. Равдысты ирон нывгæнджытæ канадæйаг анвадуарзджыты тæрхонмæ рахастой фæйнæ цыппар нывы. Æхсызгон у, канадæйæгтæ ирон нывгæнджыты уацмыстыл стыр æхсызгонæй кæй æмбæлынц. Уый афтæ кæй у, уымæн ирд æвдисæн: Торонтойы уагъд æрцыд советон нывгæнджыты альбом. Уыцы альбоммæ хаст æрцыдысты Бедойты Шалвайы зындгонд нывтæ «Амазонаг чызг» æмæ Магрезы хуыздæр уацмыстæй иу «Зикъарайы хъæу». Альбомы тираж у 300 мин экземиляры.

МÆ ЦИН ФÆМÆНГ

Нæ бæстæйы бирæ горæтты цæрынц æмæ кусынц ирон адæм. Æмæ, Ирыстонæй дард уæвгæйæ, уыдонæн тынг æхсызгон вæййы, сæ мадæлон æвзагыл газет кæнæ журнал куы райсынц, куы базонынц, сæ райгуырæн Ирыстоны цы ивддзинæдтæ, цы циндзинæдтæ æрцæуы, цы ног уацмыстæ рацæуынц, нæ ирон адæм рацарæзты рæстæг цæуыл тыхсынц, уыдæттæ, уæд.

Фæлæ хъыгаг у мæнæ ахæм хабар: «Цæдисмыхуыр»-ы бастдзинæдты хайæдты ис каталогтæ, кæцыты ис æрмæстдæр журнал «Мах дуджы» индекс, ирон газеттæ дзы не сты, стæй дзы журнал «Фидиуæджы» кой дæр нæй. Уымæ гæсгæ ирон газеттæ æмæ журналтæ къаддæр фыст цæуынц. Æмæ хорз уаид, нæ ирон газеттæ æмæ журналтæ уыцы каталогмæ хаст куы 'рцæуиккой, уæд.

Уый мæ ныхасæн йæ фыццаг хай. Дарддæр. Куыд мæм кæсы, афтæмæй ныртæккæйы рацарæзты революцион заман газетты æмæ журналты тираж бирæ фæфылдæр, нæ рæстæджы ахсджиаг æмæ актуалон чи сты, ахæм æрмæджытæ дæр фæфылдæр сты æмæ нæ ирон адæм цымыдисдæрæй кæсынц нæ периодикон мыхуыры цы рацæуы, уымæ. Æмæ хорз уаид, афоныл куы хæццæ кæниккой газеттæ æмæ журналтæ сæ кæсджытæм.

Зынаргъ редакцийы кусджытæ! Газеттæ æмæ журналтæ афоныл кæй нæ хæццæ кæныцц, уый сымах аххос бæрæг нæ кæнын. Зонын æй, сымах кæй стут уæ газеты æмæ журналты хицæуттæ æрмæст уæ редакциты. Фæлæ типографимæ куы бахауы, уырдыгæй та бастдзинады хайæдтæм, уæд сымах нал вæййынц æмæ уæд фæстиат кæнын байдайынц, адæммæ афойнадыл нæ хæццæ кæныцц. Уæдæ ма иу бон иу газеты номыр ма рацæуид, кæддæра редакцийы кусджытæ цы масты бын фæуиккой уæд?

Куыд зонæм, афтæмæй фылдæр газеттæ æмæ журналтæ цæуынц афоныл, æрмæст адæммæ афоныл нæ хæццæ кæнынц. Æвæццæгæн, ацы хъуыддагæн макæ зæгъæг нæй, æмæ уый тыххæй у афтæ.

Журнал «Мах дуг» цалдæр азы дæргъы истон афоныл, стæй иу æртæ азы размæ цалдæр мæйы нал райстон æмæ дисы бафтыдтæн. Ирыстонмæ ссæугæйæ «Цæдисмыхуыр»-мæ бацыдтæн, бафарстон сæ цы хабар у, зæгъгæ, æмæ мын дзуапп радтой, адристæ фыссæн машинкæ асаст. Уый дæр бамбарæн ис, фæлæ, ау, Цæгат Ирыстоны «Цæдисмыхуыр»-æн йæ бон иу адрис фыссæн машинкæ йедтæмæ балхæнын нæу? Æмæ кæд нæу, уæд ын цалцæггæнæн дæр нал ис? Журналкæсджытæ цæмæй аххосджын сты?

Æндæраз журнал нал рафыстон. Фарон та йæ ногæй рафыстон æмæ райдайæнты цыдис хорз, афоныл, фæлæ та уый фæстæ... Иудзырдæй редакцимæ фысснаг дæр нæ уыдтæн, сахуыр дæн бастдзинады ахæм кусыстыл.

Рафыстон 1990 азæн газет «Рæстдзинад» æмæ масты бахаудтæн, мæхи газет нæ исын. Æмæ та хъуыдытæ кæнын, кæд Орджоникидзейæ хæдтæхæг, кæнæ поезд нал цæуы Мæскуымæ.

Æмæ мæм хардзау нæ кæсид, æрмæст мæныл куы цæуид ныхас, уæд. Фæлæ газет иннæ ирæттæ дæр нæ исынц афоныл. Уый у хъыгаг. Уымæ гæсгæ уæм сидын, Орджоникидзейы почтамты газеттæ æмæ журналтæ 'рвитæн экспедицийы кусджытæ! Газеттæ æмæ журналтæ æнæкъуыхцыйæ 'рвитут сæ хицæуттæн!

ХОДЫ Тамерлан.
Мæскуы.

АРФÆЙЫ АККАГ

Зæнджиаты Валерий Орджоникидзейы арæзтадон техникум куыддæр касț фæцис, афтæ йæм службæ кæнынмæ фæдзырдтой Советон Æфсады рæнхъытæм. Иæ уарзон ахуыргæнджытæ, ныййарджытæ, хиитæ, æмгæрттæ йын фæдзæхстой, цæмæй ма фæчъизи кæна ирон лæппуйы цæсгом, йæ граждайнаг хæс сæххæст кæна кад, радимæ.

Æмæ сын сæ фæдзæхст сæххæст кодта Валерий. Цыбыр рæстæгмæ ссис хæстон æмæ политикон цæттæдзинады отличник. Бирæ йæ бауарзтой йе 'мбæлттæ.

Æрæджы та Зæнджиаты хæдзарыл сæмбæлд ног цындзинад. Валерий кæм службæ кæны, уыцы æфсæддон хайы командиртæ П. А. Грачев æмæ С. Ю. Лавринев Валерийы ныййарджытæм сæрвыстой арфæйы писмо.

— Зынаргъ Андрей æмæ Светланæ! — фыссыц уыдон, — мах уын стыр æхсызгонæй хъусын кæнæм, уæ фырт Валерий не 'фсæддон хайы кæдæй службæ кæны, уæдæй нырмæ у фæзминэг æфсæддон. Командирты бардзырдтæ кæддæриддæр æххæст кæны афоныл æмæ æнæзивæгæй. Активнæй архайы æхсæнадон хъуыддæгты. У хорз спортсмен. Æдæппæты йын лæвæрд æрцыд æртын арфæйы. Сымахæн уæ бон сæрыстыр уæвын у, ахæм сæрæнгуырд кæй схъомыл кодтат, уымæй. Бузныг, стыр бузныг уын!

Рæхджы Валерий ссæудзæн йæ уарзон Ирыстонмæ. Кусдзæн йæ равзæрст дæсныйадыл — аразæгæй. Æмæ йын нæ зæрдæ зæгъы, цæмæй куыд æфсады службæ кæнгæйæ, афтæ фæллойы дæр йæ къухы æфтой ног æмæ ног æнтыстдзинæдтæ.

ЕЛИСАТЫ Хъ.

Газет
Социалистическая
ОСЕТИЯ
мыхуыр кæны

Номыры — Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы сæрдар Хетæгкаты Сергейы ныхас ахæм сæргондимæ «Республикæ ныр æмæ райсом».

Газет мыхуыр кæны æрмæг æвзарджытимæ депутаттæм кандидатты фембæлдтыты, зиумæ цæттæ кæныны тыххæй.

СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы проектыл дарддæр ныхас цæуы газеты.

«Теори æмæ практикæмæ гæсгæ» — афтæ хуыйны журналист А. Ибрагимовы уацхъуыд.

Стыр Уæлæхизы 45 азы бонмæ фыст у Лазарты Хæсанæйы æрмæг «Салдаты сгуыхтдзинад».

Номыры — журналист Тагуырты Владимиры статья Мæздæджы районæй, æндæр æрмæг республикæйы цардæй.

Тагъд уæззау атлетикæйæ фæсивæдæн уыдзæн дунейы фыццаг чемпионат. Уым архайыны тыххæй Дойаты Оледжы бæкодтой ССР Цæдисы иугонд командæмæ.

Г. ВАСИЛЬЧЕНКО.

Ты разамонджыты, горæты цæрджыты зæрдыл, цæмæй афоныл фидой электрон тыхы хæрдзты тыххæй. Фæлæ иуæй-иу разамоныты цæрджытæм, стæй хæдзæрттæ управленитæ абоненттæм ницы хъары. Афтæмæй электрон тыхы хæстæ мæйæ-мæймæ кæныц фылдæр. Æрмæст промышленнон куыстуæтты æмæ кооперативты хæстæ 1990 азы 1-æм мартъимæ сахъзтысты 645 мин соммæ, горæты цæрджыты хæстæ та сты 72 мин сомы.

Хæсджыты номхыгъды сты 2-æм, 3-æм, 9-æм, 10-æм, 11-æм, 12-æм, 13-æм æмæ 14-æм цæрæнуæтты эксплуатацион управленитæ (ЖЭУ), культурæ æмæ фæлладуадзæн парк, горæххæсткомы сæрмагонд автохæзарад, цæрмтты завод, Орджоникидзейы фыццаг æмæ дыккаг цæугæ механизацигонд колоницæ (ОПМК-1, ОПМК-2) æмæ Агромпромарæзтады 5-æм цæугæ механизацигонд колоинæ, Промышленнон æмæ Советон районты цалцæггæнæн—арæзтадон управленитæ, Цæгат Кавказы æфсæнвæндагæй хæзæрттытæ 18-æм æмæ трест «Цæгиргражданарæзтад»-ы хæдзæрттыты управленитæ æмæ ацы номхыгъд, хъыгагæн, ис адаргъдæр кæнæн.

Бамæстджын уæвыны бæсты уе 'ппæтæй дæр кураем, цæмæй бафидат уæ хæстæ.

Зындгонд куыд, у, афтæмæй æрдзон хæзнатæ æгæрон не сты. Уымæ гæсгæ сæ пайда кæнын хъæуы, куыд гæнæн ис, афтæ фæстауæрджындæрæй, цæмæй нын нæ сывæллæттæ, филæны фæлтæртæ бузныг зæгъой.

Орджоникидзейы электрон тыхдæттæнтæ.

КÆМ, КÆД, ЦЫ?

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ ПАДДЗАХАДОН МУЗЫКАЛОН ТЕАТР

1990 азы 13, 21, 28 апрелы
ПРЕМЬЕРÆ

Дж. Верди.

«Бал-маскарад»

Æртæактон, цыппарнывон опера

Дирижер — Цæгат Ирыстоны АССР-йы аивæдты сгуыхт архайæг П. Панасян.

Режиссер — УСФСР-йы адæмон артист Лекъты Ю.

Нывгæнæг — УСФСР-йы аивæдты сгуыхт архайæг Н. Котов.

Хормейстер — Цæгат Ирыстоны АССР-йы адæмон артист Дзуццаты З.

Балетмейстер — В. Пашкевич.

Спектакль райдайдзæн изæры авд сахатыл.

Театры кассæ кусы боны дыууæ сахатæй изæры авд сахатмæ.

Театр исы коллективон заявкæтæ.

Дирекци.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ ПАЛДЗАХАДОН ДРАМОН ТЕАТР

12 апрелы
«ЗÆЛИЙЫ ЧЫНДЗЫТÆ»
13 апрелы
«ЦОЛАЙЫ ЧЫНДЗÆХСÆВ»
14 апрелы
«АЗАУ ÆМÆ ТАЙМУРАЗ»
15 апрелы
«ЗÆЛИЙЫ ЧЫНДЗЫТÆ»

Спектаклтæ райдайдзысты изæры авд сахатыл.

362015 — ЦИАССР.
г. Орджоникидзе.
Тбилисы уынг, 98.
«Мыхуыры хæдзар»

Телефонтæ:

◆ Редактор — 5-46-36, 5-45-27.
◆ Ред. хæдивджытæ — 5-55-89, 5-35-87.
◆ Бæрнон секретарь — 5-44-37.
◆ Бæрнон сек. хæдивджытæ — 5-46-39.

ХАЙÆДТÆ:

◆ Партион-идеологон куыст — 5-54-36, 5-35-88.
◆ Советон куыст æмæ барад — 5-44-19, 5-35-88.
◆ Индустрион-экономикон — 5-45-31.
◆ Агропромышленнон — 5-37-97, 5-45-16.
◆ Культурæ ахуырад, наукæ — 5-53-74, 5-44-33.
◆ Спорт, информаци — 5-35-92, 5-53-72.
◆ Писмоты, социалон рæзт — 5-44-57 5-63-19.
◆ Къамисæг ивывгæнæг — 5-56-50.
◆ Тæлмацгæнæг — 5-63-19.
◆ Корректортæ — 5-67-03.
◆ Изæрон редакци — 5-35-71.
◆ Бухгалтери — 5-36-68.

Газет цæуы афæдз 250 хатты, къуыри та — фондз хатты.
Индекс — 53901.
1

ЕИ 00875.
Бæрзонд мыхуыр.
1,86 мыхуырон сыфы.
Тираж — 23.500
Заказ 201

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы рауагъдады типографи, 362015, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг, 98.